Урысей Федерацэм и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

● ІэІэт-2020

Зыхуей хуэзэу екІуэкІащ

Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм теуауа Іэ1этыр ди къэралым зыхуей хуэзэу щекІуэкІащ. Бадзэуэгъуэм и 1-м, бэрэжьейм, иухащ Іэ1этыр. Ар махуиблкІэ екІуэкІащ. Иджырей Іэ1этыр адрейхэм емыщхьу кІыхьу зэрекІуэкІам къыщымынэу, зэІухауи щытащ - абы кІэлъыплъащ цІыху мелуан ныкъуэм щІигъу. Къэпщтэмэ, Іэ1этыр хабзэм тету къыхэзгъэпэща хъущ, ныкъусаныгъэ егъэлеяи къыхэкІакъым.

ХЭХАКІУЭ комиссэ нэхъыщхьэр протокол псоми хэплъэжа нэужь, хъыбар къитащ: Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ ди цІыхухэм я процент 77,92-р арэзыщ, процент 21,27-м мыарэзыуэр Іэ традзащ, псори зэхэту Іэ1этым процент 65-рэ къекІуэлІащ.

ЦІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэнт

Къэралым ис цІыхухэр иджы нэхъ жыджэру хэтащ Іэ1этым, 1993 гъэм екІуэкІа референдумым нэхъ-рэ. Іэ щІэт щІыпІэхэм псом нэхъ-рэ нэхъыбэу екІуэлІар Шэшэн Республикэмрэ (92%), Тывамрэ (90%) я цІыхухэрщ. Урысейм и Курыхыр къапщтэмэ, Брянск областым и цІыхухэр нэхъ «хуэмыхуу» къыщІэкІащ, процент 86-ращ зи еплъыкІэр къэзыгъэлъэгъуар.

«ЦІыхухэр куэду Іэ1этым зэрекІуэлІар и ФІыщІэщ ар махуэ зыбжанэкІэ зэрекІуэкІам, щхьэж и Іуэху щыхуэкІуэ дэкІащ», - жеІэ ЦИК-м и Унафэщі Памфиловэ Эллэ.

Абы къыдэкІуэри Іэ 1этым Іэмал зыбжанэ къыхуагупсысат: бдзэсэ участкэхэм нэмыщІ, цІыхухэм я унэхэм, пщІантІэхэм, хэгъэгуитІым (Москварэ Новгород Ищхьэрэ областымрэ) интернеткІэ Іэ щыпІэт хъурт. Апхуэдэ дыдэуи иджыпсту дызэрыт щытыкІэм теухуауэ щынагъуэншагъэр фІыуэ къызэгъэпэщат, дэтхэнэми уз зэрыщІалэм зэрызыщихъумэн хьэпшыпхэр иратырт икІи цІыху зэтрихьэ щыІэтэкъым. КъищынэмыщІауэ, цІыхухэм я еплъыкІэр къагъэпэгъуну, Урысейм и Хабзэ нэхъыщхьэхэм халъхьэжа зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэр зрагъэщІну зэман яІащ, абыкІэ сабэп хъущ унэм щыщІэса зэманыр.

Памфиловэм зэрыжиІамкІэ, Іэ1этыпІэхэр зэхуэщІыжыху хабзэр къыщызэпауда къэхъуакъым, а махуэхэм къыribыдзэу ЦИК-м зы хьыбарегъащІэ къыІэрыхьакъым, кІуэуэ Іуэхур зэхагъэкІыну пІэІуэу. Апхуэдэуи кІэлъыплъакІуэхэр къыщыщІагъэкІа, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм щыщ щыщІамыгъэхьа зэи къэхъуакъым. Бюллетенхэм, сейф-пакетхэм ятеухуауэ къаІэрыхьа Іуэху мыщхьэпэхэр зэхагъэкІащ, ауэ ахэр Іэ1этым зыкІи зэран хуэхъуакъым.

КІэлъыплъакІуэхэр арэзыщ

ЦІыху мелуан ныкъуэм щІигъу кІэлъыплъакІуэу лэжьащ УФ-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм теуха Іэ1этым и маху нэхъыщхьэм - бадзэуэгъуэм и 1-м. Ахэр я лІыкІуэт жыларэуэ зэгухьэныгъэхэмрэ политикэ парт 20-м нэсымрэ.

Хабзэм къыхэригъэувым тету, кІэлъыплъакІуэхэм я Іуэхур зэзыгъэзэжыр УФ-м и Жылагъуэ палатэрщ, хэгъэгухэм щыІэ апхуэдэ палатэхэрщ. КІэлъыплъакІуэхэр мэкъуауэгъуэм и 29 пщІондэ къыхахащ икІи жылагъуэ зэгухьэныгъэу 1600-мрэ парт 18-мрэ я лІыкІуэхэр къыхьихьащ.

«Іуэхум хэтыну хуей кІэлъыплъакІуэхэр псори къыхэдгъэхьащ, я политикэ еплъыкІэм, оппозицэм щыщ-щымыщым, зэхъуэкІыныгъэхэм я телъхьэми ар ягу дэмыкІыжми емылъытауэ», - жиІащ КІэлъыплъыныгъэмкІэ лэжьакІуэ гупым и Іэтащхьэ Григорьев Максим.

Бадзэуэгъуэм и 1-м Іуэхур зэрекІуэкІыр зи нэІэ щІэт центрым кІэлъыплъакІуэхэм запищІэу, хабзэр къыщызэпауд щыІэмэ, хъыбар кърагъащІэу, ахэр занщІэу ятхрэ Іуэхур зэхагъэкІыу лэжьащ.

Хэгъэгу 11-м Іэ1этым щыкІэлъыплъащ УФ-м и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ советым и лэжьакІуэ гуп. «Ди лІыкІуэхэр здэщыІа щІыналъэхэм Іэ1этым зэран хуэхъун къемызэгъ гуэри яІэщІэкІыжу ятхакъым. Абыхэм я кІэлъыплъныгъэм кърикІуам тепщІыхьмэ, цІыхухэр арэзыуэ псори екІуэкІащ», - жиІащ Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ советым и Іэтащхьэ Фадеев Валерий. Иджыри а лэжьыгъэм теухуа доклад ягъэхьэзырынущи, абы щызэпкърахынущ зрихьэлІа ныкъуасныгъэ цІыкІуфэкІухэр.

Апхуэдэуи цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу УФ-м щыІэ Москальковэ Татьянэ и лэжьэгъуэхэр и гъусэу здэщыІа щІыпІэхэм щылъэгъуар, Іэ1этыр тэмэму зэрекІуэкІар, Іуэхум зэран хуэхъун ныкъуасныгъэ кІэлъыплъакІуэхэм къыхэрыщІамыгъэщар жиІащ.

Ди къэралым щыщ кІэлъыплъакІуэхэм нэмыщІ, Іэ1этым хэтащ хамэ къэралы къикІа политик, жылагъуэ лэжьакІуэ 50-м нэс. Абыхэм зыжьэу жаІащ Іуэхур зэрекІуэкІым арэзы кІишІу къэмынэжу, Іэ1этыр кІыхьэгъэпэща зэрыхъуа щыкІэм хуабжьу зэрыдиихьар. Яэлныкъуэхэм къыхагъэщащ Урысейм и Іуэху зехьэкІэр езыхэми къагъэсэбэп хъуну зэрыщытыр, псом хэмыдэу - дистанционнэ Іэ1этымрэ «мобильнэ хэхакІуэхэмрэ».

Электроннэ Іэ1этыр ягу дохьэ

Іэ1этым и махуэ нэхъыщхьэр, бадзэуэгъуэм и 1-р, къэмыс щыкІэ дистанционнэ электроннэ Іэ1эт екІуэкІащ. Абы хэта къызэгъэпэщащІуэхэри щыхуэбэри арэзыуэ къэнащ апхуэдэ ІэмалымкІэ.

Урысей Федерацэм бжьгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связьмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ и министр Шадаев Максут зэрыжиІамкІэ, къэрал Іуэхутхьэбзэ порталым цІыху мелуани 3-м Іэ щаІэтащ.

«Бжьгъэр зи лъабжьэ хэхыныгъэ технологиер дяпэкІэ Іэрыхуэу къэдгъэсэбэпын хуейщ, сэ къызэрыслъытэмкІэ. Ар иджыпсту псэуныгъэм гуэпхынкІэ Іэмал зимыІэ хэкІыпІэфІ хъуащ», - жиІащ министрым.

НЭщІэпыДжэ Замирэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№78 (24.048) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэрым мардэхэр мащІэ-мащІэурэ щыІуахыж

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм коронавирус узыфэм земыгъэубгъуным хуэгъэпсауэ щагъэувауэ щыта мардэхэр Іухыжыным и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэм хуокІуэ. Щыналъэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. мэкъуауэгъуэм и 30-м Іэ щІидзащ абы теухуа Указым.

КІУЭКІУЭ Казбек гъубж кІуам ВКС мардэм тету иригъэкІуэкІащ коронавирус уз зэрыщІалэм республикэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа профилактикэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщмрэ а узыфэм зэрыпэщІэтымрэ теухуа Іуэхухэр зэкІэлъыдзыгъакІуэ Оперативнэ штабым и зэлущІэ. Абы щедэІуащ республикэм щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм теухуауэ ар зи нэІэ щІэт кулыкъущІэхэм жаІахэм.

«Роспотребнадзор»-м и щыналъэ къудамэу республикэм щыІэм и унафэщІ Пагуэ Жырасльэн зэрыжиІамкІэ, мэкъуауэгъуэм и 30-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балкъэрым COVID-19 узыфэр къайуэлІауэ щІыху 5010-рэ щатхащ, абыхэм ящыщу 3386-р хъужащ, щІыху 53-рэ абы илІыкІащ. Узыфэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщхэм щІэльщ щІыху 1282-рэ, амбулаторэ кІэлъыплъныгъэм щІэтщ 1688-рэ. Узыфэр къызэрежьэрэ республикэм тест щрагъэтащ щІыху мин 89-м щІигъум, КТ-къэпщытэныгъэ мин 16-м драгъэкІуэкІащ.

Пагуэ Жырасльэн апхуэдэу жиІащ, эпидемиологие щытыкІэр зэрефІэкІуам и фІыгъэкІэ, республикэм нэхъ пасэу щагъэувауэ щыта мардэхэр щыІухыжыным хуэгъэза къыкІэлъыкІуэ лъэбакъуэхэр ичу зэрыхъунур.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам жиІащ COVID-19 зэуэлІаХэр гъэхъужыным КъБР-м и медицинэ Іуэхущ1апІиблым я лэжьыгъэр зэрытраухуар. Сымаджэщхэм гъуэлъпІэ 1583-рэ щІэтщ, абыхэм ящыщу 791-м узыр зыпкърытхэр кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэхэр егъэувэлІащ. Хуей хъумэ къагъэсэбэпын хуэдэу нэщІу яІэщ гъуэлъпІи 160-рэ. Сымаджэм и тхьэмбылым инвазивнэ Іэмал хэмыхьэу зэрелІэзэ Іэмэпсымэу 76-рэ бгъэІэпхъуэ хьу УЗИ-аппарату 4-рэ ягъэувауэ абыхэми ролажьэ. ИБП аппарату 8-рэ монитору 80-рэ мыгувэу къаІэрыхьэну поплъэ.

Узыфэ зэрыщІалэ шынагъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщхэм зы тхьэмахуэм къриубыдэу къашэхэм я бжьыгъэр процент 15,2-кІэ, хьэлъэ дыдэу къаІэрыхьэхэр процентри 4,7-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, къыхигъэщащ Къалэбатэ Р. М. COVID-19 узыфэр я тхьэмбылхэм зэран зэрыхуэхъуар белджылуэу къапэщІэхуэхэм я бжьыгъэри хэпщІыкІыу нэхъ мащІэщ.

Республикэм и Іэтащхьэм унафэ зэриІащ Іэм тету, КъБР-м и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм хущхъуэхэр ират унагъуэхэм щыщІэзыгъэхъужхэми. ЗрахьэлІэну хущхъуэхэр иратакІэщ цІыху 852-м. А узыфэр зыпкърыту амбулаторэхэм щыщІэзыгъэхъужхэм ятеухуа хъыбархэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм махуэ къэс къыІэрохьэ.

«Республикэм и санитар-эпидемиологие къулыкъущІапІэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэмрэ икъукІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэгъэкІащ, - къыжиІэщащ КІуэкІуэ Казбек. - Узыфэм куэд зэрырамыгъэцІэлар, сымаджэщхэм щІелъхэм я бжьыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар я щыхьэтщ абы епха Іэнатіэ псори зэдэууэ зэрылэжьам, абы и фІыгъэкІэ нобэ тлъагъуэхэр къыдэхъуІащ. Дауи, а Іуэхум хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ дыдэ хуэзыщІар медицинэ лэжьакІуэхэщ, абы папщІи фІыщІэшхуэ яхудощІ. Шэч къытесхьэрэкым, адэкІи зэкъуэту дызэдэлажьэмэ, абы фІы къыхэрыдзкІэунум икІи мардэхэм я къыкІэлъыкІуэ Іыхьэхэри ІутхыжьныжмкІэ мыгувэу Іэмал зэрыдгъуэтынум».

КъБР-м и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ, щыІэ санитар мардэхэм тету, лэжьэн щІадзэжынущ МФЦ-хэм (нэхъапэм зэрылэжьам хуэдэу), гъэмахуэ шхапІэхэм, бззэр, жармыкІэ зэІухахэм, зоопаркхэм. Зи сату щыІапІэхэр метр зэбгъузэнатІэ 400 хъухэм я лэжьыгъэм пащщэжауэ щытамэ, иджы метр зэбгъузэнатІэ 800-м нэс зиІэхэми апхуэдэ хуитныныгъэ яІэ хъуащ. Абы къыдэкІуэу, нэхъапэми хуэдэу, абыхэм уэрамым уэзрыкІуэ хъу щыкъэпІэ щхьэхуэ яІэн хуейщ, зэуэ щІэтыну зыхуит цІыху бжьыгъэми мардэ пыухыкІа иІэщ.

КъимыдэкІэ, КъБР-м и Правительствэр, «Роспотребнадзор»-м КъБР-м щиІэ Управленэр щыгъуэу, хоплъэ зэман гъунэгъум мардэхэр республикэм и зыгъэпсэхупІэ щыпІэхэм щыІэ хьэщІэщхэм ящхьэщыжьыкІыным теухуа Іэмалым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министру гъэувын **Іэхъуэбэч Шамиль Аслъэнбий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№78-УГ

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хузхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хузхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхухэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м и 2.6 пунктым мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.1 пунктым:

ещанэ абзацым хэт «зоологие парккэм,» псалъэхэр хэгъэкІын;

еплІанэ абзацым къару имыІэжу къыщыІэтэн;

етхуанэ абзацым хэт «библиотекэхэмрэ» псалъэр «библиотекэхэмрэ зоологие парккэмрэ» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) 2.2 пунктым:

етІуанэ абзацым хэт «апхуэдэуи заказхэр яхуэшэныр» псалъэхэр «заказхэр яхуэшэныр, апхуэдэуи жылагъуэ (гъэмахуэ) шхапІэхэр гъэлэжьэным епха Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм яхуэзыщІэ Іуэхущ1апІэхэу зэпымыууэ лажьэхэм (абыхэм щІыхьэпІэ хэхахэр (уэрамым икІыу) яІэмэ)» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

еплІанэ абзацым хэт «мы хабзэр яхуэзэхакъым» псалъэхэм ящІыгъуэжи «щІыбым, жармыкІэхэм сату щыщІыным,» псалъэхэр, «метр зэбгъузэнатІэ 400» псалъэхэр «метр зэбгъузэнатІэ 800» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

в) 2.6 пунктым и пункт къуэдзэ «а»-м хэт «2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 12 пщІондэ» псалъэхэр хэгъэкІын, «хуаГъэув пІалъэр» псалъэхэм ящІыгъужи «2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28 пщІондэ, 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м къыщыщІэдзауэ 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 12 пщІондэ» псалъэхэр.

2. Мы Указым къару егъуэт 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м
№80-УГ

Іэ зыІэтахэм я процент 85-р арэзыуэ къыщІокІ

Къэбэрдей-Балкъэрым къыщащытэжащ Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ятеуауэ мэкъуауэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ екІуэкІа Іэ1этым кърикІуахэр. Ар журналистхэм яжриІащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав.

ЩІЫНАЛЪЭХЭМ щылэжьа гупхэм ягъэхьэзырыжа протоколхэм ялкъ иткІэ, республикэм и Хэхакіуэ комиссэм игъэбелджылащ Къэбэрдей-Балкъэрым щыіу 424147-м Іэ зэрыщІэтар, ар хэхыныгъэм хэтыну хуитхэм я процент 78,31-р мэхъу.

Урысей Федерацэм и Хабзэ нэхъыщхьэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ арэзыуэ къыщІэкІащ цІыху 362739-рэ, ар Іэ зыІэтахэм я процент 85,52-рэ мэхъу. Зэрымыарэзыр къэзыгъэльэгъуахэм я бжьыгъэр 53795-рэ ирикъуащ (процент 12,68-рэ).

Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ятеухуауэ урысейпсо Іэ1этыр республикэм тэмэму щекІуэкІауэ къыщалъытащ. КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм Іэ1этым кърикІуахэм теухуауэ игъэхьэзыра тхыльхэр УФ-м и Хэхакіуэ комиссэм нэхъыщхьэм иригъэхьыну унафэ къащтащ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

КІуэкІуэ К. В. «муниципальнэ сыхьэт» ядригъэкІуэкІащ КъБР-м и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщІхэм

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету мэкъуауэгъуэм и 30-м епсэлъащ КъБР-м и щІыналъэ администрацэхэмрэ къалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къунижь М. А., республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщі Джэш В. М.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬНУ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщт Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм папщІэ Іэ Іэтыныр егъэкІуэкІынымрэ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балкъэрым щызэфІагъэкІхэмрэ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэуа зэхъуэкІыныгъэхэм теухуа Іэ1этыр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм зэрыщекІуэкІ щыкІэм зэІущІэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ Джэш Вячеслав. Абы къыхигъащащ а Іуэхур къызэгъэпэщыным щыналъэ хэхакіуэ комиссэ 13-мрэ участкэ хэхакіуэ комиссэу 355-мрэ щылажьэ щыгу минищым нэблагъэ зэрыхэтыр. Участкэхэр сыхьэти 8-м къыщыщІэдзауэ 20 пщІондэ мэлажьэ. Комиссэ псори зыхуейтыникэ ІэмэпсымэхэмкІэ, дэфтэрхэмкІэ, узыфэм зэрызыщаухъумэхэмкІэ нэсу къызэгъэпэщащ. Бюллетенхэр цІыхухэм Іэ щІэзытну щыІэпІэхэм и чэзум хуашащ икІи хабзэхъумэ органхэм я лІыкІуэхэм яхьумэ. Іэ щІэзытну щыІапІэхэр къызэгъэпэщащ ток къызэралажь ІэмэпсымэхэмкІэ, хуей хъумэ къагъэсэбэпын хуэдэу, связьм и ІэмалхэмкІэ, компьютерхэмкІэ.

«Роспотребнадзор»-м и чэнджэщхэм тету, Іэ1этым хэтынухэм папщІэ участкэхэм щызэфІагъэкІащ санитар-эпидемиологие шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэр.

Іэ1этыр хабзэм тету егъэкІуэкІыныр я нэІэ щІэтщ кІэлъыплъакІуэ 1300-м, хъыбарегъащІэ Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэ псоми къалэн ящищІащ а лэжьыгъэхэр щІагъэхуэбжьыну.

ВидеозэІущІэм щхьэхуэу щыхэплъащ республикэм и къуажэхэр псыкІэ къызэгъэпэщыныр егъэфІэкІуэным и Іуэхум, апхуэдэуи КъБР-м Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр щегъэкІуэкІным зэрызыхуагъэхъэзэзыр щыкІэм.

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа унафэм зэрыщыубзыхуамкІэ, Къэбэрдей-Балкъэрым сом мелуани 159-м щІигъу кратныну, «Экологие» лъэпкъ проектым щыщ «Псы къабзэ» щІыналъэ проектым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм зыхуэфащэ федеральнэ къулыкъущІапІэхэм яхуигъэхьащ псы къабзэкІэ жылагъуэ 34-рэ къызэрагъэпэщын папщІэ псори зэхэту сом мелуани 164-рэ хъу субсидиехэр къыхуауТІыпщынымрэ Іуэхуа дэфтэрхэр зэпелъыт, иужькІэ абыхэм Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьынымкІэ и министерствэм щыхэплъэн папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и Парламентым

ДэІэпыкъуэгъу мэхъу

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІуцІэр екІуэкІащ. «Правительствэ сыхьэтым» - къыриубыдэу депутатхэм зэпкърахащ КъБР-м и «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ инновацэ экономикэмрэ» къэрал программэр, коронавирус уз зэрыцІалэм дызригъэуза щытыкІэ гугъум ипкъ иткІэ, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щылажьэхэр щыналъхэм дэІыгъа зэрыщыхъур.

«Экономикэ зыужьыныгъэмрэ инновацэ экономикэмрэ» къэрал программэр

Программэм щыубзыхуахэр гъэзэщІэным 2020 гъэм сом мелуан 1243,8-рэ хухахащ. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис кІыхьэхуэсахэр щигъэгъуэзащ иджыпсту программэхэм щыщ Іыхьэхэр гъэзэщІа зэрыхъум. Хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ дэІыгъным, зегъэужьным дызэрыт илъэсым сом мелуан 358,5-рэ хухахащ, абы щыщу сом мелуан 256,3-р - федеральнэ мылъку, сом мелуани 102,3-р республикэ бюджетым къыхэкІынущ.

Ди республикэм хьэрычэтыщІэ Іуэху мыинрэ курыту 19142-рэ щызэрахьэ, абы щыщу 13850-р цІыху щхьэхуэхэм ягъэлажьэ. Апхуэдэ Іуэхущапіэ щыкІухэм, курытхэм цІыху 44174-р щолажьэ.

Зи гугъу тщІы программэр гъэзэщІа хъун папщІэ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэгурыІуныгъэ зэращІылІащ щыналъэ проект псори ди республикэм щагъэзэщІэныжьмкІэ, апхуэдэуи иджыри федеральнэ проектищым папщІэ КъБР-м и бюджетым субсидие къыхуахъхьэну.

Апхуэдэу, 2020 гъэм и мэлыжьхьыым УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, республикэм субсидиеу къыІэрыхьащ сом мелуан 25,16-рэ, коронавирусым дызригъэува щытыкІэ гугъум къыхэкІыу хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ защІигъэкъуэн папщІэ. Къищынэмыщ1ауэ, мы гъэм хьэрычэтыщІэхэм къаІэрыхьащ ахъшэ щІыхуэхэр.

Программэм «ЦІыхубэ хозяйствэм щылэжьэну къулыкъущІэкІэ гъэхьэзырын, къэрал унафэ щыкІэр егъэфІэкІуэн папщІэ» и Іыхьэр гъэзэщІа хъуным хухахыну дызэрыт илъэсым республикэм къыІэрыхьэнущ сом мелуан 268,5-рэ. Мы Іуэхум и кьалэн нэхъыщхьэр цІыхухэм къэрал, щыналъэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэгъэпэщауэ яхуэщІэнырщ.

Апхуэдэуи къэрал, щыналъэ Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм щыхуащІэ Іуэхущапіэ нэхъри егъэфІэкІуэным такъикъ зэкІыгъэкъэр йокІуэкІ. Къэбардей-Балъкъэрым щолажьэ МФЦ Іуэхущапіэу 12-рэ абы епха щуажэ къудами 115-рэ, зи бизнес-офис, хьэрычэт Іэнатіэм Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ центритІ. Пандемием и лъэхъэнэм а Іуэхущапіэхэм я лэжьыгъэр зэпачъэуакъым.

Иджыпстукіэ МФЦ-м и лэжьакІуэхэм Іуэхутхьэбзэ 295338-рэ зэфІагъэкІащ, хьэрычэт Іуэхум екъэпІауэ 5306-м хэплъащ.

ЦІыхухэмрэ хьэрычэт Іуэхумрэ дэІыгъным теухуауэ

Рахаев Борис кІыхьэгъэщащ КъБР-м и Іэтащхьэм унафэ зэрицІам тету, коронавирус уз зэрыцІалэм республикэр зригъэува щытыкІэ гугъум ипкъ иткІэ, экономикэ зыужьыныгъэмрэ социальнэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ къызэгъэпэщыным теухуа планыр зэрызэхалъхьар икІи зэрылажьэр. Абы Іуэхугъэ 43-рэ къызэщІеубыдэ, хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ дэІыгъным, цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыным теухуауэ. Мэкъуэгъуэм и 5-м ирихьэлІэу 40-р зэфІагъэкІащ, абы щыщу 21-р махуэ къэси зэлэжьэ Іуэхущ. Министрым зэрыжиІамкІэ, мэлыжьхьыым и 6-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 31 пщІондэ ирагъэкІуэкІа кІэлъыплъыныгъэм къызэригъэлъэгуамкІэ, республикэм и мылъку-экономикэ щытыкІэр зыхэпщІуэ екуэзакъым.

Экономикэм и унэтІыныгъэхэу щытыкІэр нэхъ зыжьэхэуэ зыбжанэр ягъэбелджылащ. Абы Іэнатіэ лІэужьыгъуэу 48-рэ хохьэ.

Апхуэдэ Іуэхущапіэхэм ятын хуей налогым хухагъэщащ икІи 2020 гъэм Іуэхущапіэм и мылъкым техуэ налогыр ятынукъым.

КьищынэмыщІауэ, къэрал мылъкур бджэнду къэзыщтахэм абы пэкІуэу хуагъэувауэ ятын хуей пщІэр щхьэщапхъэ гъатхэпэм и 19-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 1-м къриубыдэ пІалъэм. Апхуэдэ хуэгъэкІуатэ зиІэр лей нэхъ зытехьахэм хиубыдэ экономикэ Іэнатіэ зыгъэлажьэхэрэ.

Налогхэмкіэ федеральнэ Іэнатіэм и къудамэу КъБР-м щыІэм къызэригъэпэщауэ, хьэрычэт Іуэху мыин, курыт зиІэхэм 2020 гъэм и мэлыжьхьы, гъатхэпэ мазэхэм я лэжьакІуэхэм ярит улахуэмкІэ защІигъэкъуэн папщІэ субсидие яхуэкІ. Апхуэдэу республикэ бюджетым кьыхэкІ мылъкукІи зыщІагъакъуэ экономикэ Іэнатіэм пэрыту гугъуэхь зытещІа хьэрычэтыщІэхэмк.

КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм щылажьэхэм щытыкІэ гугъу ихуа хьэрычэтыщІэхэм чэнджэщкІэ зыщІагъакъуэ хьэрычэтыр зыхуей хуэзэу ягъэхьэзырыным екъэпІауэ.

Зытепсэлъыхь Іуэхум теухуауэ депутатхэм я упщІэхэм жэуап яритащ Рахаев Борис. Апхуэдэуи парламентархэр тепсэлъыхьащ Къэбардей-Балъкъэрым хьэрычэтыщІэ Іуэху мыинымрэ курытымрэ зэрызыщижьым, республикэм къыщыщІагъэкІыу ирашым пыщІа гугъуехьхэм, турист кластерым, нэгъэуащІхэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Ди газетым зэрытетащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыр иджыблагъэ видеоконференц щыкІэм тету ирагъэкІуэкІащ.

ЗэІуІщэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Псалъэмакъым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар, Ставрополь крайэм, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Тыркум, Сириеим, Иорданием, Израилым, Германием щылажьэ Хасэ къудамэхэм я тхьэмадзэхэр.

ЗэІуІщэм зыщытепсэлъыхьа Іуэхугъуэ нэхъыщІэхэм ящыщІ дуней псом зыщызыубгъуа коронавирусым и зэранкІэ гъащІэм кьыхэхьуа зэхъуэкІыныгъэхэм я зэманым къэрал Іуэхущапіэхэмрэ Хасэхэмрэ зэдалэжьхэм, псапащІэ Іуэхуэм зэрекІуэкІым, ДАХ-м и лэжьыгъэм щыщ дунейм щыщщІэ щытыкІэм къызэтригъэувыІахэр, абыхэм къахэуэгъуэтыпхъэ ІэмалхэкІыпІэхэр, нэгъэуащІхэр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыхигъащащ мы зэман гугъум къулейсызыгъэ, зэхъуэкІыныгъэ къуэ коронавирусым ди гъащІэм кьыхэрыхилъхьар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, узым иджыри зеубгъу. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым дызэхуэсакъыжьым зэрыхуейр. КъищынэмыщІауэ, щытыкІэ гугъу ихуахэм ядэІэпыкъунрэ къызэтеувыІакъым, атІэ я Іуэхугъэ жыджэру щокІуэкІ ди къэралым нэмыщІ хамэ хэрадж щІэсу адыгэхэми я деж, - жиІащ Сэхъурокъуэм.

Апхуэдэу ДАХ-м и тхьэмадзм и гугъу ищІащ ди лъэпкъэгъуэм я сабийхэм папщІэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ лэжьыгъэри зэкІэ къызэрызэтеувыІар икІи вирусым теухуауэ щытыкІэм зихъэжьмэ, ар зэрызэтраублъжьынум. Хэкум и ешджанІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэну зи мурад ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэм я тхьилъхэр и зэманым гъэхьэзырыным я нэІэ трагъэтыну Хасэ тхьэмадзэкр кьыхуриджащ Сэхъурокъуэм.

Иорданием и кьалащхьэ Амман щылажьэ Адыгэ Фыщіэ Хасэм и тхьэмадэ **Кьардэн Самир** адэкІэ псалъэмакъым къыпищащ:

- Коронавирусым и зэран екІащ псоми. Ди къэралыгъэр хьапщтэмэ, абы ирисымащэр куэд хъуркъым, ауэ карантин Іуэхум унэхэм щІиубыдахэр гугъу йохь. Адыгэхэм яхэтщ дэІепыкъуэгъу хуэныкъуэ икІи зэпымыуэу абыхэм ди нэІэ ятетщ.

Апхуэдэу Хасэ тхьэмадэм ыкІи гъащІащ Хэкум екІэжьынэм я тхьилъхэр зэрыкъэзырыр, абы теухуауэ я къарагъэхьыну унафэм зэрыпэплъэр.

Сириеим щыІэ Адыгэ Фыщіэ Хасэм хэт **Къэбэрдей Аднан** а къэралым и адыгэхэм кьабгъэдэкІыу къэпсэлъащ икІи нэхъыщхьэу зи гугъу ищІахэм ящыщщ ди лъэпкъэгъуэхэм анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ ящымыгъупщэн папщІэ ялэжьхьэм. Мы Іуэхумкіэ куэду сэбэп кьахуохьу Аднан и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхьилъхэр. Ахэр къызэрыдэкІар хьэрыпльэщІи, адыгэбзэкІэ зэдзэкІымышІкІэ хэкурысхэм зыщІагъэкъуэну кьаззэрыщыгугъыр жиІащ.

Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и гущІэ **Мамхэгъ Йилдызрэ** абы и къуэдзэ **Токъмакъ Сэмитрэ** тепсэлъыхьащ хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэным хуэунэтІа ІэмалыщІэхэр къэгъэтІа ІэмалыщІэхэр.

- Адыгэхэм псалъэжь яІэщ: «ГуфІэгъуэр зэтебгуашэмэ, куэд мэхъу, гуІэгъуэр зэтебгуашэмэ, мащІэ мэхъу» - жиІэу. Мыпхуэдэу жьжьэу дызэмыпсалъэу гуфІэгъуэр зэтедгуашэу дызэрыпльагъун Тхьэм ищІ. Нобкіэ дунейм къыщекІуэкІ коронавирусым пэІэщІэ хъуакъым Тыркум щыпсэу адыгэхэр. КАФФЕД-м хьихьэ Хасэхэм я щІалэгъуалэ гупхэм унэ-уэнэкІэ къакІухьуэр хуэныкъуэхэм ядоІэпыкъу. Апхуэдэу зэрытхузэфІэкІкІэ хэкум ис ди лъэпкъэгъуэхэм дадэІепыкъуну дыхьэзырыр. Абы и лъэныкъуэкІэ КъШР-м къыбдэдэкІыу конэным тхьилъ къыІэрыхьати, зыхэс къэралыгъуэр щыІэуэзэмэ, КАФФЕД-м къыбдэдэкІыу зэрыгъэзэжащ. Адзэрыдэдэпыкъунр кьыхэдгъэщащ, абы къыхэкІыну республикэм и правительствэм зыхэдгъэзащ.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

● Гу зылъытапхъэ

Сабийхэм папщІэ ят ахъшэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм хъыбар фегащІэ зи ныбжьыр илъэси 3-м кьыщыщІэдзауэ 7 нэс сабийхэм мазэ къэс къэратыну ахъшэм щхьэкІэ лъэІу тхьилъхэр иджыри зэрыІахьмкІэ. Дэфтэрхэр епт хъунущ цІыхур щыпсэу щыпІэм Лэжьыгъэмкіэ, Іэнатіэмкіэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и центрым, Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр щызэфІагъэкІ центрым (МФЦ), электроннэу егъэзых хъунущ къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я порталым.

ЗИ ЛЪЭІУ тхьилъхэр иужьрей Іэмалымкіэ зыгъэхьэзырахэр я Іуэхур здынэсам щыкІэпыпІыфынущ порталым щалэ я напэкІуэщІым (личный кабинет).

Псалъэм папщІэ, «Лъэ Іу тхьилър ведомствэм ягъэхьащ» жиІэу тетмэ, дэфтэрхэр Іуэхущапіэм Іэрыхьащ, ауэ иджыри базэм ираІъхьакъым. «Лъэ Іу тхьилър ведомствэм Іэрыхьащ» статусым кьикІыр фи Іуэхум зэрелэжьырщ. «Лъэ Іу тхьилъм ехьэлІа Іуэхур зэфІэкІащ» жиІэу кьыщытридзэнырр щыхум Іэрыхьэн хуей ахъшэр ирата, абы щыхьэт техьуэ тхьилъхэр зэхъуэ иужьщ.

ЗыгуэркІэ упщІэ фиІэ хъумэ, лъэІу тхьилъым и номерымкІэ ар здынэсам фыщыщІэупщІэ хъунущ Лэжьыгъэмкіэ, Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныр социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ щыналъэм щыІэ центрым.

Къэрал Іуэхутхьэбзэхэм я порталымкІэ зи лъэІу тхьилъхэр езыгъэхьэхэм, кредит Іуэхущапіэхэмкіэ ахъшэ кьызэІэрыхьэнухэм, дыныволъэІу банкым и реквизитхэр набдзэгубзапІъэ дыдэу фтхьну, апхуэдэуи зыхуейр счётым и номерыр (картэ номерыракьым!) зыщыбмыгъэгъупщэну. Ар дамыгъэ 20 мэхъу, 408-кІэ кьыщІидзэу. Апхуэдэуи лъэІу тхьилъхэр зыбжанэрэ, адэми анэми кьыбгъэдэкІыу, евмыгъэхь. Абы лэжьыгъэр кьелъахъэ, Іэщапіэхэм я Іуэхури куэдкІэ нэхъ гугъу ещІ. Сабий зэрыс унагъэхэм яІэрыхьэ къэрал мылъкумкІэ зыуэ щыт Іэнатіэр кІэлъоплъ тІэунэй ахъшэ зыІэрыхьэхэм. Апхуэдэ кьэхъу жьужьыгъуэм, ар зыщІа цІыхур УФ-м и хабзэм тету жэуапым ирашэлІэнущ.

Фи унагъуэм къыщыхъу сабийхэм социальнэ ахъшэ гуэр ипэкІ ятратамэ, ар зи цІэкІэ къэкІуа адэр е анэращ етІуанэуи лъэІу тхьилъыр кьызыбгъадэкІын хуейр. Мазэ къэс кьыфІэрыхьэну ахъшэм и Іуэхур абы нэхъ псынщІэ ищІынущ.

Фигу кьыдогъкІыж: 2020 гъэм дыгъэгъаззэм и 31 хьуху зи дэфтэрхэр зэфІэзэыгъэхьуэ ахъшэр етын хуейуэ унафэ зытращІыхьахэм 2020 гъэм щыщыІэм и 1-м щыщІдзауэ техуэр къратыжынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Бахъсэн щІыналъэр жыджэру хэтащ

Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъэш Артур бадзэуэгъуэм и 1-м Іэзэгъу щкІуэкІ щІыпІэ зыбжанэм щыІащ.

АБы Бахъсэн районым и прокурор Бэшэрэ Аслъэнрэ щІыналъэ советым и унафэщІым и къуэдзэ Ахъуэбэч Андзоррэ щІыгъуу цІыхухэм яхуэзащ, Іэлэтыр зэрекІуэкІ щІыкІэхэр зрагъэлъэгъуащ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм теухуа Іэлэтыр щІыпІэ 25-м кьыщызэрагъэпэщащ бахъсэндэсхэм икІи санитар жыпхъэ посмиу тету екІуэкІащ. Іуэхум кІэлъыплъащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лЫкІуэ 52-рэ Конституцэм и волонтерхэмрэ.

Гухэхъуэт кьуажэдэсхэм жэуаплныигъэ яхэлъу мы Іуэхум зэрыбгъэдыхьар, цІыхухэр унагъуэкІэрэ зэгъуэгъэу екІуалІэрт.

Апхуэдэу Ислъамей кьуажэм дэт 4-нэ курыт еджапІэр мы гъэм къэзыухъуар иджы япэ екІуэлІащ Іэлэтым икІи езыхэм я епГпыкІэр кьагъэлъэгъуащ. Абыхэм ехъуэхъуащ икІи тыгъэхэр яхуищІащ Балъкъэ Іащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Махуэ тІощІрэ щырэ

Совет Союзым и ЛІыхъужь Левченкэ Василий

УЭДЫГЪЭ хьэнэфийкІэ къэгъэнэхуа щІыпІэм полкым и унафэщІхэр щызэхэсщ. Ахэр тегъэхуауэ йодаІуэ майор Левченкэ Василий ИвІэм. Псалъэмакъыр и кІэм нэблэгъащ: «Батальонищым япэ итынущ Бурцевым ейр, адрей тІур нэхъ мужьыІуэкІэ псым нытохэз. ЩІэупщІэн щыІэ?»

- Сэ хуит сыщІ, - зыкъеІэтри картэм бгъэдохьэ Бурцевыр. -Ныбжьэгъу майор, Днепр дызэпрыкІынкІэ - дызэпрыкІынщ, ауэ мыбдежьр, мы дызытехьэну Іуфэр, джафэщ. Нэхъ ипщэІуэкІэ, мэзыпІъэ хуэдэу щыт щІыпІэм деж, псым дыщІэхэІамэ мынэхъыфІу пІэрэт?

- ЯпэщІыкІэ сэри арат зытезэхуар. Ауэ фашистхэми деласфиупльэ хъунукъым. Ахэр нэхъ кьыщІтпэплъэр мыбыкІэщ. Пэщц, нэмыцэхэр псы Іуфэ псом деКІуэкІыу кьыщыштпэтІысащ, я щхьи щотхъуэ «БыдапІэ зэфэзэщу етщІэкІам зылІ кьыфІэкІыфынкъым» жаІэри. Ауэ щІыналъэ мащІэ къатетхьэка, ахэр я щхьэ щытхъужур?

- ГурыІуэгъуэщ, ныбжьэгъу майор.

- Нетіи зэ жысІащ: цІыхур фхъумэ. А фыздикІынум деж къэкІыгъэ темытми, ныджэр щІы лъагэщ. Абы зыкъуэзгъэпщкІуэнщ, псори фызэрыгъуэтыжыкІыу. Фызэрыгъуэтыжакъэ, зывмыІэжьэж... Псымкіэ и пэр къэгъэзауэ зы топи зы пулемёти бийм кьыхуэзгъанэ хъунукъым. Мыдрей дзэхэр, зы цІыху яхэмыщІу, Днепр нызэпрыкІынкІэ кьызэгъэпэщын хуейщ.

- Дапщэщ? - кьыщІоупщІэ командирхэм ящыщ гуэр. Левченкэ зэращІэу жэуап итыжыркъым. Мэгупсысэ. «ГІшапэ зэхуэгъэуащ, деплъынкъэ, - жи, - жэщыр зэрыхъум. Дзэ унафэщІхэм махуищ зэкІэлъыкІуэр пІалъэ кьытхуащІащ... Жэщ мазэгъэуэ псым дытехьэмэ, Іисрафр дащІынущ».

- Мазэр еІэжащ, ныбжьэгъу майор, ныжьэбэ кІыфІу щытыну хуэгоъэфащэ, - жеІэ штабым и унафэщІ абаз щІалэ ФызыкІэм.

- Деплъынкъэ... Арат, кІыфІ хъуамэ. Дапхуэдэу хъуми, хьэзыру фыщыт... Зэрыщыгугъуэу, а жэщыр кІыфІ хъуащ. Уэгум щызэрызехьэ пшэхэм мазэр хэсхьырт зэм пшэхэм кьакъуэкІрэ и нур фаехэмкІэ Днепр псышхуэм мащІэу кьыстепсэу, зэми кІуэдыжрэ дунейр фІыщІагъэ зэфэзэщу кьыгъанэу. А кьыщІепс зэзэмызэжам деж мазэм кьигъэнаІуэрт псы щхьэфэм фІыщІагъэ гуэркэр щызэщІэхъаеу.

А жэщым бийри жейртэкъым. ХьэрэкІытІэкІэ щІэх-щІэхьыгъэ кьагъэнэхурт псы щхьэфэр.

«Псыр зэхуэдитІ тащІщ», - щыжаІэм, дыдейхэр бийм кьиІъэгуащ. Фашистхэр зыпэмыплъа Іэхут я нэгу щІэкІыр - апхуэдизкІэ быдэу зыщагъэбыдат Днепр и жьырабгъуми, ди зауэлІхэм кьракуну я пщІыхьэпІэ кьыхэхуэртэкъым. Арати, нэхъ кьулыкъу щІыкІу дыдэ зыІыгъ сэлэт къэрэгъуІэм езым нэхъ-рэ нэхъыщхьэхэм, а нэхъыщхьэм нэхърэ нэхъыщхьэжьым зыпищІэурэ, генералыр кьагъэушыжу щІадзащ. Ауэ «Урысэр Днепр кьызэпрокІ» зэрыжаІэу «КьыфІыщхьэгъанэ» - жаІэу жэуап кьратыжырт. Кьаззэрыщымыхъуар мыдрейхэм щаІуэтэм, унафэ зэхахащ: «Зы упрыс зауэлІ псым кьыхэжьмыгъэкІ!»

- Аращ зи ужь битыр, Іисрафыр яхьидолъхъэ.

Пэжщ, хэкІуадэрт ди зауэлІхэр. АдрыщІ ныджэм кьиукІ топхэмрэ пулемётхэмрэ ди кьъуафэжьейхэм кьащыльэІэси, абы исахэр псым щыщІэтІысыкІи щыІэт. Ауэ мыдрейхэр, псэууэ кьэнахэр, езыхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ бийр здэщыІэ щІыпІэмкІэ есэхэрт...

- Батальоным и унафэщІ Бурцевыр зэрыс кхъуафэжьейр псом япэу ижьрабгъу псы Іуфэм Іухьащ. Ар зауэм фэжьІужь хэхъуэжа цІыху пхъашэт, Іэджэ гуэри нэщхьеягуэри я нэгу щІэкІауэ. Ауэ а жэщым зыхуэІыгъакъым - и зауэлІ псыхэкІудэ хъуа кьомыр щилъагъум, зыми гу кьыІупмытэу нэпс щІигъакІащ: «Іэщэ яІыгъыу щІым щыкІуэдами аратэкъэ, лъэужьыншэу псым итхьэлахэщ». Асыхьэтым ахэр игу кьэжІ пэтми, ар щыгъэзэт хэкІуадэхэр Днепр лъэмыж зэрыкуэхъунум, а лъэмыжми ди зауэлІ минхэр кьызэрикІынум.

Псы Іуфэм нэсахэм я кьалэныр ягъэзащІу бийм жэщтеуэ хуащІащ. ИкІи ахэр ебгъэрыкІуащ, полкым и командирым зэрыжиІам хуэдэу, псы зэпрыкІынэмкІэ Іъэзауэ зы топи, зы пулемёти кьамыгъэнэху. Полкым и адрей батальонитІри псым зэпрыкІащ, хэщІынигъэ ямыІэу...

МАЙОР Левченкэ и унафэм щІэт полкым и кьалэныр хуэгъэзэщІа? Абы и жэуапыр дз кьыщыдогъуэт Левченкэ Совет Союзым и ЛІы-хъужь ящІын папщІэ генерал-майор Пархоменкэ игъэхъэзыра тхьилъым. Абы бдыкъыщоджэ: «Дзэ Іэтащхьэм я унафэкІэ 1943 гъэм фокІадэм и 25-м и жьэшым майор Левченкэ кьызэригъэзащІащ полкым щыхуэри кьызыгъэзащІащ полкым щыхуэри ИІэр Днепр и ижьырабгъу псы Іуфэм зэпрышынкІ. ЗэпрыкІыпІэ гъэхьэзыра зэримыІэм щхьэкІэ къэмынэу, къэбгъэсэбэп хъуну псори - пхъэбгъу зэкІэрыІуІа, бдзэжьеящхэм я кхъуафэжьей сыт хуэдэкІэ - кьыкъэсэпэри, бишцэхэр кьаззэрытелъалъэм хуэдэу, зы жэщым полк псор Днепр зэпришащ. Мыдрей дзэхэм зэрыкІуэну гъуэгур яхуэзІуихыу, адрыщІ ныджэм щІыбыда щІыпІэм зригъэубгъуу щІидзащ. Танкхэмрэ кхъуафІьатэхэмрэ кьызыдэІэпыкъу бимдзэхэм, езым и полкым нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ хъунэм, гуащІэуебгъэрыкІуэри, Гребень кьуажэмрэ Ютки кьуажэкІэмрэ яфІиубыдащ. 811-нэ фочауэ полкыр зыдагъэІэпыкъури, 189,9-рэ ІьагапІэри бийм фІиубыдащ икІи абы зыщыІэтІысыдащ.

Кхъухьлъатэхэмрэ танкхэмрэ кьыдэІэпыкъуу бийр хэней гуащІэу кьебгъэрыкІуэжащ а щІыпІэхэм. Ауэ полкым иубыдар зыІэщІигъэкІыжакъым. Абы и командирыр Іэмалышъуэ, лІыгъэ хэлъу, дзэ зешэным хуэІэзэу зэрыщытым кьыпэкІуащ а текІуэныгъэр... Совет Союзым и ЛІыхъужь ящІыну майор Левченкэ хуэфащэщ».

Махуэ тІощІрэ щыкІэ езым нэхърэ Іэджэкіэ нэхъыбэ хьу бийм пэщІэтащ полкыр. ПэщІэтащ, и зы зауэлІ и псэм емыблэжу, хэкІуэдэн щыхъуэкІи, лІыгъэ яхэлъу лІэуэ. УІэгъэ хъуэхэри зэуащ кьахуІуМыкІыу. ЦІыхур мащІэ здэхъу ротэм е взводым ягъакІуэрт шууей ПІасхъэщІэкхэр, пщафІэхэр, шыгуухэр, дохутырэмрэ штаб ложьакІуэхэмрэ, зауэм Іухьэну гукъыдэж зыщІиджыри мыхъужьыпІа сымджажэр. Фашист щибл зыхэкІуэда, абы и Іэщэ куэд ІисрафщІ щыхъуа а щІы-пІэр дыдейхэм яубыдыжа зэуапІэ губгъуэшхуэм и зы щІы кІапэт. Киев и гъунэгъуу мыхьэнэшхуэ зиІэ зэуапІэ Іэнатіэ - Букринскклъ зэджэу щытар - щызэпещат. Ауэ а лъэныкъуэмкІэ Украинэм и кьалащхьэр кьащьыхуэщтакъым.

Совет Союзым и унафэщІ нэхъыщхьэм и унафэкІэ, бийм гу кьыІупмытэу ди дзэм и нэхъыбэр абдеж кьытрачри, Киев и адрей лъэныкъуэмкІэ кьекІуэкІыу хуожьэ. Зэи кьэхъуатэкъым бийм гу кьыІупмытэу апхуэдизэ дзэ зауэм кьыІуаугъэпэщащ ГАИ-р.

Совет Союзым и унафэщІ нэхъыщхьэм и унафэкІэ, бийм гу кьыІупмытэу ди дзэм и нэхъыбэр абдеж кьытрачри, Киев и адрей лъэныкъуэмкІэ кьекІуэкІыу хуожьэ. Зэи кьэхъуатэкъым бийм гу кьыІупмытэу апхуэдизэ дзэ зауэм кьыІуаугъэпэщащ ГАИ-р.

Ауэ дыдейхэм кьыІуаугъэпэщащ ГАИ-р. Ар дыдейхэм кьайхъулІащ Букрин деж кьэнахэр нэхъ гуащІэжу езэуэн ирагъажьэри, бийм и къару псори зэщІалъІащ. Абыхэм я фІыщІэкІэ, я лІыгъэкІэ адрей дзэхэм Киев хуит кьащІыжащ. АтІэ Букрин и нэхъ «щІыпІэ Іей дыдэу» кьальытэм деж, жьыхэнмэ дакъэжьым хуэдэу, мафІэм хэту щызэуащ Левченкэ и полкри. Абы дежь дззэешэ Іэзэу, зауэлІ хахуэу зыкъыщызыгъэлъэгъуэм кьыпэкІуэу ди хэкуэгъуэм, Бахъсэн щыщ лІым кьыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр. Абыхэм, Левченкэ хуэдэхэм, ятеуухуаэу а лъэхъэнэм «Правда» газетым тридзэрт: «Ежьы фІэкІа зи кьэхъуакъым лІыгъэ зиІэ апхуэдизэ цІыхум нэхъ лІыгъэж яІэу апхуэдизэ кьащьыхэкІа»...

МАЙОР Левченкэ Василий и полкыр щІыгъуу Австриием хэсащ, Хэку зауэшхуэр ди текІуэныгъэкІэ иухыну, Іэщэр игъэтІылъакъым. Совет Союзым и ЛІыхъужьым и бгъэм кьыхалъхьащ къэралым и дамыгъэ нэхъ лІапІэ дыдэхэр. Дыщэ Вагъуэм щІыгъуу абы кьратащ Невскэ Александр, Хэку зауэшхуэм и япэ лІэужьыгъуэ, Ленин орденхэр, «Бэракъ плъыжьы» тІу, медалхэр...

Зауэ нэужьым Левченкэ кьиухащ Фрунзе и цІэкІэ щыІэ дзэ академиер. «Вагъуэ Плъыжь» газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьэндзэуи, «Военизэдт» тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыщхьэуи лэжьащ.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд.



♦**ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакІуэхэм я махуэщ.** ЦІыхубэ комиссархэм я советым ищІа унафэм ипкъ иткІэ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.

♦**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

♦**Алтай Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Хакасия Республикэм и махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**1700 гъэм** Константинополь щызэращІыІа мамырыгъэ зэгурыІуныгъэм ипкъ иткІэ, Іуэвэ (Азов), и Іэгъуэблагъэхэри (Таганрог, Павловск, Миус) щыгъуу, Урысейм и щІыналъэ хъуащ.

♦**1841 гъэм** инджылыз астроном Адамс Джон хэІущІыну ищІащ Нептун планетэр къызэригъэтар.

♦**1885 гъэм** Бенц Карл къигупсиса автомобилыр игъэунэхуащ, абы и зэфІэкІыр зыхуэдэри цІыхухэм яригъалъэгъащ. Иджы ар дуней псом щыщІэрыІуэ Мерседес-Бенц автомобиль лъэшырщ.

♦**1928 гъэм** дунейм щыяпэу США-м яІэу щыщІадзащ япэ телевизорхэр. Зым доллар 75-рэ и уасэт.

♦**1941 гъэм** Сталин Иосиф совет цІыхубэм радиокІэ захуигъэзащ. Хэкур хъумэжьыным къыхуэзащІэ-тэджэнхэу къыхуриджэу.

♦**1944 гъэм** Белоруссием и къалащхьэ Минск нэмыцІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етІуанэу кьыхуагъэфэщащ.

♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищІащ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Горно-Алтай, Хакассие автономнэ областхэр Адыгэ Республикэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ, Алтай Республикэ, Хакасие Республикэ жиІэу зэхъуэкІыным теухуауэ.

♦**1996 гъэм** Ельцин Борис УФ-м и Президент кьулыкъум етІуанэ пІалъэми тетыну хахыжащ.

♦Совет режиссёр, Совет Федерацэм гъуэзджэхэмкІэ щыІэх зиІэ и лэжьакІуэ **Эфрос Анатолий** кьызэрагъэхъуа илъэс 95-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр, режиссёр, продюсер икІи сценарист **Круз Том** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Серебряков Алексей** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм гъуэрыр 29 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ГъэфІым умыгъуэта гьейм бгъуэтыжыркъым.

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77-хэм итщ).

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

Пащтыхь Пётр I хэкIэсауэ къыгурыIуэжат зауэлI хеитIыр, и нэм лъы къытрихуэу, зэрыIэщIэукIар, арщхьэкIэ IэфракIэм едзэкъэжыф щыIэ? А къыIэщIэщIам Мазепэр къызэрыщIидзар хыхьэжауэ урыс пащтыхьыр иджы щхьэлажьэт. И фIэщ хуэщIыртэкъым гетманыр къызэрепцIыжар: «...ЩыуагъэхэрI, аргуэрыжьу щыуагъэхэр. Дэтхэнэра пэжыр? Хэт пцIы зезыхьэр? Апхуэдиз зэманым пэжкIэ сызыщыгугъар дауэрэ нэпцIт?» - гупсысэ жэуапыншэхэм хэзэрыхьа пащтыхьыр нэщхъейт. Губжь егъэлеям еныкъуэкъу Пётр и нэшкIул сэмэгум хуэш техьэгъуэ урижэху, шухьэ къэптал удзыфэм и Iунэ дыщафэхэр дритIэтей-ирипхыхыжурэ, пэшышхуэр хуримыкъуу, и щхьэр зэрихьэрт. Пащтыхьыр лIы щхьэц хъурыфэ Iувт. ДамащхьэхэмI теуэж а щхьэц утIэрэзар щхьэгъэкъыу иридзэкIыурэ, и жьэпкъыпэ плIимэр ерыщу щIикъузэжу лIыр папщэрт. Мо накъэпакъэ Iупэ Iувышхуэр бауэкIэщIу щыхэпсчауэкIэ и нагъуэ хъуреишхуитIыр натIабгъуэ лъагэм, къазыхъу нэгэгъуу, къыщIэтIысхьэрти шынагъуэу къыщихупэрт. Езыр шырыкъу лъащхьэ лъагэрэ, лIы лъакъуэ кIыхьыжьу, и гуауэми дамэдууфэ щIэмыхъукIыу иныжь къутахуэт Пётрыр, егъэлеяуэ лIышхуэт...

Бжэр къыIузыха бейгуэлым пащтыхьыр еплъри, къыщитхъын хьэзыру:

- Иджыри сыт?!

- Зи щIыхьыр ин! Михаил Алегукович Черкасскэр[1] къыпIущIэну къэкIуати...

- КъыщIэвгъэхьэ, - жеIэри пащтыхьыр бжэмкIэ маплъэ.

Пэшышхуэм къыщIыхьа лIыжь жьакIэхум зэрыIуплъэу Пётр и нэгу зэхэуар зэлъыIукIри, гуфIэурэ пежьащ. Черкасскэм IэплIэ хуищIурэ, абы и гъусэ щIалитIыр зэпиплъыхьырт иджы пащтыхьым. ФIэхъусхэр зэрахыу пащтыхьымрэ Черкасскэмрэ етIысэха нэужь:

- Дыщыгъуазэщ, Пётр Алексеевич, фи зауэ ехъулIэныгъэхэм. Саксониемрэ Польшэмрэ апхуэдэу къытхущIэкIыжыну хэт и гугъэнт!

- Апхуэдэ дищыпэлъагъут дэ, Михайлэ? Хьэжьпэжь дыхэхъухьыжащ а зэкIэщIэлъадэ-зэкIэщIэжыжым. Абыи дыкъелынущ! - гъуагъуэу мэдыхьэшх Пётр.

- Ауэ сытми дыкъелын! Ахэр здэщыIэр щамыщIэми, Урысейр езыр къэралыгъуэ лъэщт. ДяпэкIи лъэщынущ. Шэч къытесхьэркъым Карл зэрывгъэлъеижынуми, - погуфIыкI Черкасскэр.

- Михайлэ... Мы щIалэ хьэлэмэтитIыр пщIыгъуу укъыщIысхуэкIуар, дауи, Карл зэрыжэрым укъысхутепсэлъыхьыну арагъэнкъым... Сыт фи Iуэху?

- Узахуэщ, зи щIыхьыр ин. Си адэр къыщалъхуа Къэбэрдейм къикIащ мы шынэхъыщIитIыр. Мо ижьымкIэ щысыр Шурдымхэ Елэнщ, мыдрейр - Табыщхэ Къэбардщ.

Черкасскэр здэпсалъэм щIалитIри къызэдэтэджри, Пётр пащтыхьым жьэпкъыпэ-щхьэгъэщхъ хуащIащ. ЩIалэхэр къызэрытэджар фIэнэмыс дахэу, игъэщIагъуэурэ:

- Зэрыадыгэхэр наIуэщ. Солъагъу я хабзэ щэныр.

- Уэркъ щIалэхэщ, Пётр Алексеевич, япкъ ямыIыгъыжу къекIуэкIакъым.

- Мыдэ, ди дзэхэм екIупсу хэтынут мы щIалэхэр! ЛIэужь дахэщ, Михайлэ. Ауэ... сыт хуэдэ Iуэхут уи лъэпкъэгъухэр къызытекIухьар? Сэри сыткIэ сыкъыщыщ а Iуэхум. Псори къызжефIэт...

Черкасскэм жиIэнуми нимыгъэсу, пащтыхьым и псалъэхэм къадэуIэбжьа Елэн Къэбард зэуэ хуеплъэкIри:

- Къытхуэгъэгъу, Урысейм и пащтыхь. Къытхуэгъэгъу, ди лъэпкъэгъу тхьэмадэ, ауэ дэ дыкъыщIежьар «хэт и дзэм декIупсыну» жыхуэтIэу аркъым. Къэбэрдей пщы уэлийм дыкъыпхуегъэлIыкIуэ.

ЩIалэм жиIам емыгусысыххэу, Пётр Черкасскэм йоплъри:

- Михайлэ, Къэбэрдей жыжьэм щапIа уи лIакъуэгъум урысыбзэ Iурылъщ! Ар дауэ?

Черкасскэм и гуапэт пащтыхьыр къэзыгъэуIэбжьын гуэр зэрыригъэлъагъуфар. И жьакIэхум Iэ дилъэурэ Михаил Алегукович мамыру пыгуфIыкIырт. Урыс пащтыхьым и нэ пIащитIыр щIалэхэм чэзууэ ятриубыдэурэ:

- КъызоцIыхуж... КъызоцIыхуж а лъыр! Иван Васильевич и зэман лъандэрэ Урысейм щыпкъэу къулыкъу хуэзыхьа адыгэлъыр иджыри а зэрыгуащIэщ! Мыдэ... Швециер и пIэ изгъэтIысхьэжмэ, тырку султIаным ткIыбжьу гурызгъэIуэнущ адыгэхэм я хьэсэпэр дэтхэнэм и хадапхэми. А дэфтэр мыгъуэжьым Iэ щытеддзэм, бетэмал...

Арыххэу лей къызэрыжьэдэцIэфтар къыгуроIуэжри:

- Фыщымытыт хьэщIэхэр! ФетIысэх... Дыщысурэ дыпсэлъэнщ. Михайлэ, уэ уощIэ Iуэхур зыIутыр.

Черкасскэм псори къыгурыIуэрт. ЩIалэхэм яIуплъэщ, Пётр еплъыжри:

- Зи щIыхьыр лъагэ, уи деж дыкъэкIуэн ипэ къихуэу, си шынэхъыщIэхэм яжесIащ Къэбэрдейм ехьэлIауэ ди Iуэху зыIутыр. СакъыгурыIуауи сфIощI, ауэ...

- Михайлэ, пщIэ зыхуэсщI Михайлэ, шэч къыттрахьауэ ара уи лIакъуэгъухэм? - Пётр и нэ топышхуэхэр къригъэбырдыкIыурэ хьэщIищми чэзууэ яIуроплъыхь.

Къэбард адэкIэ хуэхьынутэкъым мы теплъэгъуэ фэрыщIыр. ЩIалэм зигъэпсчэуIущ, урыс пащтыхьым и нэкугъуэм хуиту иплъэри:

- Ди лъэпкъэгъу тхьэмадэм и жыIэм шэч къытетхьэжауэ аркъым уи деж дыкъыщIэкIуар, Урысейм и пащтыхь. Уи нэкIэ дэ укъытIуплъэурэ уи жьэкIэ къыдэптыну жэуапым дыкъыкIэлъыкIуауэ арщ. Ди адэжьхэм я зэман лъандэрэ благъагъэ[2] дяку илъу дыкъэгъуэгурыкIуат Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ. Дипхъу фи нысащ. ДэфтэркIэ зэгурыIуэныгъэ дяку дэлъщ. Иджы IуэрыIуэтэжу зэхыдох Тыркумрэ Урысеймрэ зэращIылIа дэфтэрымкIэ фыкъыддэщI мыхъуну. ЩыIар щымыIа хуэдэу къыщIезыгъэдзыж зэгурыIуэныгъэ зэрызэфщIылIэфам иджы шэч къытетхьэжыркъым. ЛIыкIуэ дыкъыпхуэзыщIа ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийм ди нэкIэ тлъэгъуарщ жетIэжынур. Ар ди лъэпкъ хабзэщ.

- СхужефIэж ХьэтIохъущокъуэм, Карл и унафэ зэрысщIу, тырку сулътIаным и ужь сызэрихьэнур. СхужефIэж гурэ псэкIэ сызэрыфщIыгъур. Шэч къытесхьэркъым пщы уэлийм кърым хъаныр къызэрыдимыгъэплъынум.

- Урыс пащтыхьым зэтриухъуанщIэу зэрызиухеижыр Черкасскэм фIэмащIэ нэхъей, зи гупкIэм исым дежьууэ, къопсалъэри:

- Шэч къытевмыхьэ, щIалэхэ, урыс пащтыхьыр и псалъэм зэи зэремыпцIыжынум. Пётр жиIамэ - ищIэнущ...

Елэнрэ Къэбардрэ зэхэщIыкIыгъуэу зэплъыжырт: гуемыIут пащтыхь чэфыжьыпкъэм и псалъалэ фэрыщIыр. ТхьэмыщкIафэт хэхэсу дунейм ехыжыну мо лIыжь жьакIэху адыгэныкъуэм къыхуамыщIа хьэтырыр.

... Урыс пащтыхьым деж Меньшиковыр пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу щыщIыхьэм:

- Сыт хъыбар? - пIейтейуэ зишэщIащ Пётр.

- Мазепэ[3] и мылъкур здищтэри, Карл декIуэкIащ.

- ПцIыщ, хьэщылъху!

- Пэжщ, Пётр Алексеевич. ПцIыр Мазепэщ...

«ПцIыр, пэжыр. ЩыIар, щымыIар... Къэбэрдей щIалитIым я зэплъыжыкIар. ПцIыр... ЦIыхухэр щIызэрымыгъэпэжыфыр... Къэбэрдей щIалэм и Iуплъэгъуэ щIэнэкIалъэр... ПцIыр!» - урыс пащтыхьыр утыкум чыну щыкIэрахъуэри, гъуагъуэу къыхэкIиикIащ:

- Абы сызэрыхуэкIуэр къызжезыIа Искрэрэ Кочубейрэ... ТIури хейуэ! - арыххэуи зыхуэмыубыдыжу дыхьэшхыурэ: - Зы Иван гуэрым зы Пётро гуэр къигъэпцIат жи... Уэ-хьа-хьа!

Меньшиковыр гужьеяуэ еплъырт зи нэхэр топ шынагъуэу къытетIысхьауэ, мыузыншэ дыхьэшхым ихь пащтыхьым.

Пётр I делэ-дыхьэшхыгу хъуауэ, зыхуэубыдыжыртэкъым:

- Иван гуэрым, уэ-хьа-хьа.... Пётро... Сыт уи нэхэр щIысхуэбгъэдыкъыр! - зэуэзэпсэу Меньшиковым хуолъ Пётр.

- НакIуэ зауэлIхэм деж!

Бэтэгъей ныкъуэщI нэхъей, урыс пащтыхь лъагэшхуэр иджы кIуэрт, зытеувэр шырыкъу лъэгу налхэмкIэ хиупIэу. Сыт щыгъуи хуэдэу, ныкъуэефэ-чэфыжьыпкъэт ар. Сыт щыгъуи ещхьу, щIиупцIыкIырт и шухьэцей щхъуантIэ пщампIагъуэр. Мазепэм кърищIамрэ Къэбэрдейм къикIахэр губгъэн-ауану къызэрыIуплъамрэ зэрызэпэшачэр хузэмыгъэзэхуэн хуэдэу иджыпсту чэфтэкъым Пётр: «Мазепэр Пётр къепцIыжащ: зэрыщыгугъауэ къыхущIэкIакъым. Пащтыхь Иван Къэбэрдейм ирищIылIа псалъэм езы пащтыхь Пётр епцIыжащ: дэфтэрым «тырку тIуанэ трищIащ». Урысейм икIыу дзэ зэкъуэт тIэкIу Къэбэрдейм игъакIуэ щхьэкIэ, Пётр и Швецие зауэр, дауи, гупкIи гупхи хъунутэкъым, ауэ... Мазепэ Иван пащтыхь Пётр къопцIыж. Пётрщи, пащтыхь Грозный Иван йопцIыж... Хьэуэ! Сыти жыIи, зауэлIыпхъэ дахэттIэ а къэбэрдей щIалитIыр!» - урысей пащтыхьым и шырыкъу лъэмакъыр иджы хэкIуэдэжырт зи ныбжьыр илъэс етхуанэм ит БытырбыхущIэм и пшагъуэ гуэрэнхэм.

XXVIII

ШЫЩХЬЭУIУ мазэт. Бадзэуэгъуэмрэ шылэмрэ ещхьыркъабзэу, ХьэтIохъущокъуэпщым иджыри етIысэхыпIи жьыIурыхьэгъуи имыщIэу зэхэзекIуэрт. Дэнэ лъэныкъуэкIэ зимыгъазэми, пщы уэлийм и Iуэху блэкI щыщыIэт. ХьэтIохъущокъуэр цIыхухэм яIущIэрти, игъэгушхуэхэу куэдрэ епсэлъылIэн хуей хъурт. IэщышхуэхэрI нэхъ тыншу къуршым зэрахуну Iэмалхэр къызэригъэпэщырт. Ар зи пщэ ирилъхьахэм и нэIэ ятримыгъэкIыу ядэIэпыкъуэрт. МывэкъалэхэмрэI щIытI зыхъумапIэхэмрэ зэраухуэм гумызагъэу кIэлъыплъырт. А псом къищынэмыщIауэ, пщы уэлийм и къа-лэнт къуршхэм Iыхьэ-Iыхьэурэ щитIысыкI дзэхэм чэзууэ яIущIэну, гупсэхуу яхэпсэлъыхьыну.

ХьэтIохъущокъуэпщыр езыри лIы Iущт. Тегъэларэ телъэщIарэ Iуэхум химылъхьэу цIыху жьэнахуэт. Пщы уэлийм жылэм ягуригъэIуэну зыхуейр мырат:

«Къуршхэм дыкъызэраухъуреихьыр ди къелыпIэщ. Дэ тхуэдэу узэрызэуэн! Тафэм нэхърэ нэхъ быркъуэшыркъуэщI зымылъэгъуа тэтэрхэм я дежкIэ ди бгылъэ щIыпIэхэр бдзапцIэ лъапхъэдэнэм хуэдэщ. Пэжщ, кърымыдзэр егъэлеяуэ инщ икIи лъэщщ. Ауэ ар и щIыпIэ щызэуэжыркъым, къиззури и щхьэхуитыныгъэкъым. ЗэрыпхъуакIуэ зауэр дапщэщи гуащIэ мащIэщ. Щхьэхуитыныгъэ зауэр лIы куцIрэ лъы лъэщкIэ гъэнщIащ. Ди адэжьхэм я Iэмалырщ дыкъэзымыгъэпцIэжынур: къуршхэм иджыри дыкъахъумэнщ. Нобэрей щытыкIэм хуэдэ зэи ищIатэкъым адыгэм. ИкъукIэ шынагъуэщ дызэувэлIа IэнатIэр, ауэ щыхъукIи, дызыпсыхьыжынур ар зэрышынагъуэрщ. Пэжщ, къытхэкIащ епцIыжакIуэхэр. Апхуэдэми дыкъелынущ, дызэкъуэт закъуэмэ. Къытщхьэщыт Алыхьышхуэм елъагъу лей зезыхьэри, хей хуэныкъуэри. Алыхьым дыкъехъумэ. Дэ тхуэдэкъым зызыгъэщхъыу бийм хуэжыIэщIэр. Тхыдэр щыхьэтщ адыгэ зэи къызэримыкIуэтымкIэ!» - жиIэурэ, пщы уэлийр дзэхэм щепсалъэкIэ, абы къыпэджэж макъ зэщIэрыуэр жэуапу щыIэм я нэхъ нахуэт. ЗауэлIхэм я псэхэр гъэнщIат, ягухэр изт, я щхьэр лъагэт. Лъэпкъ уэрэдыжьыр зауэлIхэм гушхуауэ ирашажьэрти, пщым игурэ и щхьэрэ зэтелъу, адрей дзэхэр здэщыIэмкIэ иунэтIырт. ЩIыпIэ зэгъуэкI зэхуэмыдэхэм егупсысыпауэ зизыгъэзэгъа дзэхэм ящыщу зы гуп къигъанэртэкъым ХьэтIохъущокъуэм. Псоми яIущIэрт, дэтхэнэми епсалъэрт. Языхэз къимыгъанэу я псалъэм гупсэхуу щIэдэIурт.

Пщы уэлийр мызыгъуэгукIэ зыIумыщIэу къэнар ЦIыпIынэ Хьэсанш зи нэхъыжьу, Бэгъудэкъуэ дэс дзэ закъуэрти, абыхэми нобэ яхыхьэну и мурадт.

Пщы уэлийм къыгурыIуэрт: «Къэбэрдейхэм кърымыдзэр здыдашэну къуакIэбгыкIэр бийм къызэрытехьэлъэн хуейр я зэхэуэкIэм и закъуэкъым. Кърымыдзэр и топ мыкIуэмытэжьхэр кIэрыщIауэ мы лъагъуэ зэгъуэкIхэмрэ щхьэдэхыпIэ зэхэзэрыхьахэмрэ къафIэкIа нэужьи, щIыпIэр зи лъахэу, фIыуэ зыцIыхуж къэбэрдейхэм хуиту къахуэухъуреихьынущ. Абы къищынэмыщIауэ, тыншу итIысыкIа ди щIалэхэм гугъуехьыншэу яхуIулъэщIыкIынущ кърымыдзэм и джатэпэрыжэр. Япэдыдэ зэхэуэм фIэкIа хэмылъами, кърымыдзэм зэуэзэпсэу кIэрыхушхуэ игъуэтынщ.

Бийм, дауи, икIуэтыжыпIэ къилъыхъуэнущ. Хьэргъэшыргъэ къахыхьэу кърымхэр зэрехьэжьэжа нэужьи, кIуапIэрэ жапIэрэ ямыгъуэту къурш Iэдэм дзыкъыу тхудэубыдэнщ».

Пщы уэлиймрэ и шу гъусэхэмрэ кIуэрт, Иналыбг зыщхьэщыт Тамбиипсыр я сэмэгурабгъуу къанэурэ. Зы теуэгъуэ нькъуэкIэ ахэр Уафэбгыкъу цIыкIу и жьэгъум щIэту екIуэкIахэщ. Гъэлъэхъу щыIэ IэхъупIэмкIэ зи шыщхьэр гъэзауэ пщIэгъуэплъыр зыгъэущ ХьэтIохъущокъуэм шхуэмылакIэр иукъуэдийри зэщIэувыIыкIыурэ зыкъиплъыхьащ. Пщы уэлийр Бахъсэн псыхъуэкIэ зэпрыплъырт. Шу гъусэхэр - Къэсей хьэжыр, Къэзанокъуэр, Быжыр, Шурдымыр, БжьыхьэлIыр, Ашабэр - къэувыIащ, ХьэтIохъущокъуэм жиIэнум пэплъэу.

Ашабэм езым и хьисэп гуэрхэр зэпилъытурэ щыму зыкъиплъыхьырт: «Пщы уэлийр мыбдеж Iущу егупсысам шэч хэлъыжкъым. Мин щэ ныкъуэуи, хыщIуи щрырети, мыпхуэдэ къуэкIийм дэна дзэм зыкъегъэлыпIэ гуэр иIэжынукъым. Дзэ пэрытым и щхьэр зэрыфIэтхыу, абы и щIыбагъ къыдэтахэр тIы щхьэзэм хуэдэу зэщIэгъуаеу щIэпхъуэнухэщ. ДэнэкIэ жэн?! ИкъукIэ зэригъэзэхуат-тIэ ХьэтIохъущокъуэм апхуэдэ зэхэвзэхэжьэм кърымхэм къахухэкIынур! Сыту фIыт ар - мыбдеж къытхудэшатэмэ... Зэ еIэгъуэу хэтчыжынт лъэгудыгъуэ банэжьыр!»

ТхакIуэ Куэшыбей Пщымахуэрэ тхыдэдж Бажэнэ Муратрэ и гъусэу зегъэпсэху. *1995 гъэ*

Пщы уэлиймрэ и шу гъусэхэмрэ Iэгъуэблагъэр къыщIызэхаплъыхьым Къэсей хьэжыр икъукIэ пэжыжьэт, ауэ абыи къыгурыIуэрт мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхукIэ шухэр щIызэхэзеплъэри, пIалъэ-пIалъэкIэрэ тхьэ елъэIуну игу къыпылъадэрт.

Шу гупри Алыхьым зэделъэIунтэкъэ езы Къэсей я пашэу!.. АрщхьэкIэ пщы уэлийр щымти, хьэжыми ар игъэпIейтеин темыгушхуэу, шухэр здэплъэмкIэ зигъэазэри, и псэр къыфIыщиудащ:

- Бисмилляхьи рахьмани рахьим! Уоу, си Алыхь! Сыту дуней дахащэт-тIэ мы дыкъызытепшар! Мыракъэ жыхуаIэжыр: «Нэм и делэр Iэм и бланэщ» Уэ Алыхь лъэщым къысхуэбгъэгъунщ, ауэ: мыпхуэдиз дахагъэр Iэ пфIэту зыIэщIэбгъэкI хъурэ? Зым еттынкъым, Алыхь лъэщ! Уэ къыдэптащи - Уэ къытхуэпхъумэжынщ.

Зэгуэрым нащхъуэу щытауэ, иджы къундэпсо кIэкъинэу жэбзэжа и нэ къэпсыIахэм бзыхьэхуэ зэпэплIимэкIэ нэкIэпсыр щIилъэщIыкIыурэ Къэсей плъэрт пщы уэлийм зыздигъэзамкIэ. ХьэтIохъущокъуэм Iупщу илъагъурт Бахъсэн псыхъуэ деж ХьэрэкхъуэрэI декIуэкIыу яухуа япэ мывэкъалэ тIысыпIэхэр, мыдэкIэ укъэкIуатэмэ - етIуанэр. АдэжкIэ зыщрашырт щIытI зыхъумапIэхэм: Джэдмышх, Хьэцыбанэкъуэ, Бырсыкъуэ, Уэтэрыжь, Брамыкъуэ IэхъупIэхэр гъунапкъэкIэрэ къызэщIаугъуаеу.

Пщы уэлийр АфэбгкIэ маплъэри - зэхих къыфIощI жыг пщIащэхэм я жыжьэ даущыр, къурш псынэхэм я Iущащэр. АдэIуэкIэ къыщехуэх Шэпэпэ псыкъелъитIым я хъушашэр Куржъуокъуэ и тхьэкIумэм иджыпсту къедзэхащIэ къыщохъуж. Пщы уэлийр маплъэ Гублэрыгъ мэзымкIэ, къецIыхуж Алэщыкъуэ удэзыш лъагъуэ цIыкIур. Мес ЩIылъэмыж кIуэ гъуэгу задэр - выгухэм убыгъэ джафэу трахар. АдэжкIэ къыщолъагъуэ Сэлэджыкъуэ дэкI гъуэгур къыздыщежьэ Шыдуанэ.

Пщы уэлийм шхуэмылакIэр иутIыпщу шыр ежьэжарэ пэт, аргуэру шхуэIур ткIийуэ къыжьэдекъуэжри къоувыIэ. БейгуэлитIми - зыр пщым и шыпэу, адрейр и шыкIэу - я увыпIэ яубыдыж. ХьэтIохъущокъуэр Быж ЛIыгъур хуоплъэкIри:

- Мы бгылъэр дауэ къыпщыхъурэ, ЛIыгъур?

- Сегупсысащ, зиусхьэн, а жыпIэну узыхуейм.

- ЖысIэну сызыхуейр жызмыIэ щIыкIэ дауэ къапщIэрэт? - мэдыхьэшх пщы уэлийр.

- Шурдым Жанхъуэтщ мы щIыпIэхэр нэхъыфIыжу зыцIыхури, зиусхьэн, уеупщIмэ, а сэ жысIа дыдэр жэуапу къуитынщ.

- Пэжу ардыдэр уи гугъэрэ, Жанхъуэт? - йоупщI пщыр уэркъ лэгъупэжьым.

- Си гугъэщ, зиусхьэн. Мы щIыпIэм ещхьу, етIуанэ диIэкъым.

- Зэхэпха, Жэбагъы, нэхъыжьхэм жаIэр? - пщы уэлийр мэгушыIэ: - Мазэ зыбжанэкIэ щэху къызыфIэзгъэщIу, сыбзыщIар цIыхухэм ящIэрт... Аращ, Къэзанокъуэ: щэху псори нахуэщ.

- Зиусхьэн, уи щэхур зэрызекIуар гъуэгу нахуэкъым. Уэ езыми къыбгуроIуэ: «Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаIэщ» щIыщыжаIэ хабзэр. Зы къеуэгъуэм фигухэр игъэгърти, зы лъагъуэм фи псысэхэр щызэIущIэжауэ аркъудейщ.

- Пэжщ, Жэбагъы. «Зэхамыха хъыбар яIуатэркъым» жаIэу щытми, псэм илъ щэхухэр щызэрыщIэм нэхъ IуэтэжыгъуэI сыт щыIэ?! Ди гуапэщ ди гупсысэхэр зэрызэтехуэр. Иджы дубзыхунщ псори.

Шухэр епсыхри, гуп зэпэхъурейуэ удзыпцIэм щитIысыкIащ. Къэбэрдей пщы уэлийм и шу гъусэхэр езым хуэфэщэжу шууейхэт. Къупа-щыпауэ зэпкърахат дэтхэнэр дэнэкIэ кIуэнуми, хэт сыт хуэдэ гъунапкъэхэр иIыгъынуми. Пщы уэлийм къыхилъхьащ кърымыдзэм жьыIурыхьэгъуэ ирамыту зэраудыныщIэну мэсхьэбыр: КIэщI-кIэщIурэ дзэ гупыщIэ кърадзылIэурэ, адрей гупхэри зыр зым зэблихъумэ, езыхэм я къарур кIуэщIынукъым, ауэ бийм и лъэр псынщIэу щIэджэлынущ. Кърымыдзэм и щхьэр зэрагъэунэзэну Iэмалхэр адыгэ бгырысхэм, дауи, я щIэщыгъуэжтэкъым...

- Апхуэдэ зэуэкIэ къызыкъуэдмыхыу щытмэ, ди сэшхуэхэр дыгъэпсым пэдгъэджэгуурэ кърымыдзэм диупщIатэу кIэрыхьэжынущ! - пхъашэу пегъэщыж ХьэтIохъущокъуэм.

Гупым IупщIу къагурыIуэрт я Iуэху зыIутыр. Псори зэакъылэгъуу чэнджэщкIэ зэрыIыгът. Пщы уэлийр нэщхъейуэ къопсалъэри:

- Дыкъызэрежьэрэ сегъэгуауэщхьэуэ Гурыт Мэчыхъу къызэрытхудэмыкIам. Уафэбгыкъу зы IуэгупIэ иIэкъым Гурытым и лъэ нэмысауэ... Мыдрейуэ, Мэчыхъурэ фызыжьымрэ хьэIуцыдзхэм къахуэдгъэнауэ къысфIощIри, сигу къоуэ. Гъуэгуанэр гугъуми, къыдэтшын хуеящ. ГуащIэншэщ лIыжь-фызыжьыр. Бийращи - гулыцI жыхуаIэм епщIыхьыххакъым.

- Дызэремылъэlуа лIэужьыгъуэ щыIэкъым, зиусхьэн, арщхьэкIэ уIэлиуди... - Шурдым Жанхъуэт псом япIэкIи жэуап къитащ. - Зэхэпхакъэ, Блахъуэмрэ Бэхъунымрэ Мэчыхъу ярищIар?

- Зэхэзмыхами, сщIэжыртэкъэ сэ Гурытым и лIыгъэр здынэсыр. Жэбагъы, си щхьэ къыбгъэдэкIыу фепсалъи, жылэм къыдэнахэр, кхъыIэ, къыдэфш. Дэ дызэрыхъуу ахэри хъунщ.

- Уоу, зиухьэн! Алыхьу лъапIэм гъуэгу къыуитынщ, - къопсалъэ Къэсей хьэжыр, - апхуэдэщ псапэр. Алыхьым псори дыкъелъагъу, псори дризэхуэдэщ.

- Уи щхьэкIи, си щхьэкIи, жылэдэсхэм я цIэкIи Мэчыхъу селъэIуащ, зиусхьэн. Щыхэзгъэзыхьыпэм, сыкъыдихужащ.

- Апхуэдэу ящIэркъым! - Ашабэм хуабжьу игу дыхьат Мэчыхъу и лIыхъулIыбжьыр, итIани, Жэбагъы къызэрыдигъэувыкIар игъэдахэртэкъым.

- ЦIыху къэс и хьэл-щэн иIэжщ. Абы емыкIу хэслъагъуэркъым, - Жэбагъы лIыжьым къыдэщIырт. Къэсей хьэжыр Миншакъ еплъри, и напIэ нэбжьыцыншэхэр игъэпIэжьажьэурэ:

- Ашабэ и къуэ, зыми утепсэлъыхь хъунукъым. Хьэхущ мы дунейр. Пщыгъупщэжа?

Миншакъ и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ и щхьэ дахэшхуэр арэзыуэ ищIащ.

- Фыплъэркъэ... ШууитI къыткIэлъопIащIэ, - Шурдым Жанхъуэт IэдакъэжьауэI ещI.

Кърымыдзэр Iузэв хым къызэрыIухьэрэ, адыгэ щIалэхэр кIэлъыплъырт. Пщы уэлийм иджыпсту къыкIэлъыпIэщIар а кIэлъыплъакIуэ щIалэхэм ящыщ Джэрыджэ Мэремрэ мы махуэхэм Урысейм къикIыжа Табыщ Къэбардрэт.

ЩIалэхэр епсыхри фIэхъус ятащ. Джэрыджэм пщы уэлийм зыхуигъазэурэ жиIащ:

- Зиусхьэн, кърымыдзэр Инжыдж къикIащ. Шур шууэ, лъэсыр лъэсу Бгитху зэхэтымкIэ къоIэ.

Дыгъуасэ лъандэрэ зыпэплъэ хъыбарым мыхьэнэ иримыт хуэдэу ХьэтIохъущокъуэр иджы къыпогушыIыкIри:

- Дзащхьэр Инжыдж къикIауэ щытмэ, дзэкIэм зыщиIуантIэр дэнэ щIыпIэ?

Мэрем пщы уэлийм и щIагъыбзэ мыгурыIуэгъуэм къыдэуIэбжьауэ Миншакъ дежкIэ маплъэ. Ашабэр щIалэм хупогуфIыкIри:

- Блэ зепщыпщэм кIапэ къызыкIэлъелъэф...

- Блэ кIапэр, зиусхьэн, КIэмыргуейм къикIауэ Мэхъуэшым къопщхьэ, - псынщIэу зэрегъэзэхуэж иджы Мэрем. - Блащхьэр Iузэв хым зыкъыхишиикIыу адыгэщIым къызэрихьэрэ тIэкIу-тIэкIуурэ паущэбыкI Мамсыр Нэкъаррэ Даур-Темрыгуейрэ къызэщIагъэуIуа жаней, бжьэдыгъу, кIэмыргуей, мэхъуэш, беслъэней щIалэхэм. Абыхэм къадэIэпыкъуну къахыхьащ Iэта-Ильясрэ Бэубэчрэ я лъэпкъэгъу щIалэхэри.

ХьэтIохъущокъуэм и гуапэт Нэкъаррэ Дауррэ я цIэхэр иджыпсту зэрызэхихыр. Пщы уэлийм и нэгу къыщIэувэрт Iэта-Ильясрэ абы и шынэхъыщIэмрэ. Выри, шыри, топри, гъуэгу гъуэмылэри якIэрыщIауэ къэкIуатэ кърымхэм бэуапIэ ирамыту адыгэ щIалэхэр ефыщIауэрт... ХьэтIохъущокъуэм къыгурыIуэрт а щIалэхэм ящI теуэ уащхъуэдэмыщхъуэхэм яIэ мыхьэнэр!

- Нэгъуей щхьэрыуам уи дзыхь иумыгъэзыщэ. Ныбжьэгъууи зэм къыпхущIэкIынщи, жагъуэгъуу ерейм къыпщIэнэкIэжынщ. Iэлигъуэт-пэщэм и бейгуэлыр дауэ уи фIэщ зэрыхъунур? - мэчэнджащэ ЛIыгъур.

Пщы уэлиймрэ Къэзанокъуэмрэ зоплъыжри, ХьэтIохъущокъуэр погуфIыкI:

- Пэжщ, ЛIыгъур, а жыпIэр. Сэри зэхэсхащ апхуэдэ гупсысэхэр, ауэ си фIэщ сщIынур си нэм илъагъуращи, тлъагъункъэ мыдэ зауэм зыкъызэрыщызэкъуахыр. Сыт иджыри къыджепIэн, Мэрем?

Мэрем и пIэкIэ Къэбард пIащIэу къопсалъэ:

- ХъыбарыфIи диIэщ: кърымыдзэм иIыгъ топитхум я зыр щIалэхэм Инжыдж щIрагъэлъэфащ.

- Мис ар, дауи, гуфIапщIэ зыхуэфащэщ! - гухэхъуэу и макъым зрегъэIэт пщы уэлийм. Шу гъусэхэми зэпеуэу а хъыбарыр ягъэщIагъуэ. Пщы уэлийр арэзыуэ и пащIэкIэ щIогуфIыкI:

- Къахуэнэжа топиплIыр Балъкъ, е сэ сщIэрэ, Бахъсэн щIимылъафэу къахузэпрышмэ, къуршылъэхэм дралъэфейуэ щытми, ахэр къызэрагъэсэбэпа хъуну щIыкIэм иджыри дыгъужь ирихужьащ... Тхьэм фиузэщI, щIалэхэ! Вгъэзэж хъунущ. Хъыбарыншэ дяпэкIэ дывмыщI.

Бийр къыздикIынумкIэ я шыщхьэр гъэзауэ кIуэ шууитIым якIэлъыплъурэ пщы уэлийм игу къиузыкIащ. ХьэтIохъущокъуэм и нэгу къыщIэувэрт иджы дыдэ Блахъуэм уIэгъэ къищIа и къуэ нэхъыжьыр - илъэс пщыкIух зи ныбжь Мыхьэмэт-Бэмытыр. Абы кIэлъыкIуэ Нэдшэхь... Жан-щэ? Лъэтеувэ хуащIа къудейт а пщащэ цIыкIум...

«Сыт мы сигу къэкI хьэдэгъуэдахэр! Сэр фIэкIа бын зиIэ щымыIэжу ара? Адрейхэм я быным ещхьыркъабзэщ сысейхэри, адрейхэр здэщыIэ къуршхэм щрыреIэ. СыткIэ нэхъ лей а сысейхэр?! Жылэ быныр зэрыхъуу, ахэри хъунщ!» - зогиижь пщыр.

Сосрыкъуэбг и сэмэгурабгъумкIэ къыкъуэплъырт ЦIыпIынэ Хьэсанш и дзэр щитIысыкIа Бэгъудэкъуэ бжьэпэр. Уафэбгыкъу пэмыжыжьэу къызэхэуващ пщы уэлийм дзапэ дыщIэкIыну шуудзэмрэ лъэсыдзэмрэ. ЩIыIэбжьт къущхьэхъу жьыбгъэр. Пшэху щхьэхынэхэр шыщхьэуIу уафэм дыщIэхъаеу жьыр зэрыджэгум IуащхьэмахуэI мамыру кIэлъыплът. Гъэм и махуэми, щIым и щтырыгъуми, а Iуащхьэ угъурлыр пыгуфIыкIыу цIыхухэм къахэплъэурэ: «Махуэщ къыфпэплъэр! Махуэм и фIыр фэращ зейр!» жиIэ нэхъей, мылылъэ дыкъуакъуэм дыгъэ нэпсыр хилъащIэрт.

АдэкIэ щыумэзэхащ афэху джани, дарий гъуапэ щхъуантIи зылъымыса Уафэбгыкъу. Гъуабжэлъабжэ джафэу щхьэщыгъэщхьа и щыгум къыщожьэри, къуэкIий зэв кIыфIым и жьэлъэтIанэм бгы лъэджажэкIэрэ дзэлытI зещI. Жагъуэгъур дэухьэ а зэвыпIэ дыджым: и лъэ къыхудэмыхыурэ кIуэдыпIэ ихьэнущ. Езыр набдзэншэ къуийрэ и нэщIащэхэр щIэуфIыцIыхьыжурэ Къущхьэхъу лъахэм хоплъызэ Уафэбгыкъу: «Хамэ лъапэ къысхуэзышийм и мыгъуэщ! Мыгъуагъэм и Iейр абы хузогъэIыхьэ» - жиIэ нэхъей, и мывэ нэкугъуэхэр я домбеякъ щхъуафэу егъэдыкъ. Апхуэдизу зэхуэмыдэзэмыщхь гупсысэхэр зыщхьэщылъ бгы зэхуэгупитIым я лъапэм иджыпсту щIохьэ ХьэтIохъущокъуэ пщы уэлийр зи пашэ шу гупыр. Абыхэм ЦIыпIынэ Хьэсанш къапоплъэ. И блыпкъыр уIэгъэпхкIэ зэщIэкъузауэ ЦIыпIынэм и ужь къитщ ХьэтIохъущокъуэм и щIалэ нэхъыжьымрэ Бей пелуанымрэ. Пщы уэлийм зауэ дзапэщIэкI дэзыщIыну дзэр уэру къызэхокIуатэри, Къашыргъэ гъукIэмрэ абы и уадауэ Дэмдейрэ я сэшхуэхэр лъагэу зэбладзын хьэзыру къоув. Ижь дыдэ лъандэрэ лъэпкъым зэрехьэ:

... ЛIы икъугъэр нобэ мэзауэ!

Бэгъурдакъым къыщырегъащтэ,

Дзапэ башым нобэ щIокIыж... - къэбэрдейхэм иджы зэдрашажьэ.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Адыгэхэр. *Сурэтыр XVIII лIэщIыгъуэм ящIащ.*

[1] Алигъуокъуэ и къуэ Михаил Черкасскэ Новгород къалэм щаIыгъ дзэм и лIыщхьэу къулыкъу пэрыхьат. «Ар дзэпщу къалъхуащ» зыхужаIауэ щытар а Черкасскэ дыдэрщ. Тыркумрэ Кърымымрэ Урысейр щыщызэуа лъэхъэнэм Черкасскэм дзэпщ Iущыгъэ хьилэ къызыкъуихауэ щытащ. Бантыш-Каменскэр тетхыхьащ 1679 гъэм Черкасскэр Киев деж зэрыщызэуам. 1682 гъэм пащтыхьыгъуэм имыхьа Пётр и шыпхъу нэхъыжь Софье пащтыхь тажыр щхьэратIэгъэну бейгуэлхэм зыкъыщаIэтам, Пётррэ абы и къуэш Иванрэ дэщIэгъу пэжу ягъуэтыжар а Черкасскэрщ. Абы тетхыхьащ Устляров академикыр. Пащтыхь Пётр зэригъэпэща лъэсыдзэмрэ кхъухьыдзэмрэ я генералиссимус цIэр Черкасскэм къыхуагъэфэщащ 1695 гъэм. Абы тетхыхьыжащ Брикнер.

[2] Пащтыхь Грозный Иван и япэ щхьэгъусэ Анастасие дунейм щехыжым, къэбэрдеипщ Идархэ Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ щхьэгъусэу ишащ. Чристан диныр къыщрагъащтэм, Гуащэнэ фIащащ Марие (Мария Темрюковна) цIэр. Пащтыхь Иван и щхьэгъусэу щыта Анастасиерэ Мариерэ (Гуащэнэ) я бэнхэр иджыпсту щызэбгъэдэтщ Урысейм и къалащхьэм (Москва) щыIэ Архангельскэ соборым и бэнылъэ щIыунэм. XVI лIэщIыгъуэ лъандэрэ Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ яку дэлъа зэгурыIуэныгъэрщ пащтыхь Пётр I зэпцIыжар.

[3] Костомаровым етх:

«Мазепэ Иван и щэным нэхъ хьэлэмэту хэлъар: хэт имыгъэныбжьэгъуами, абы зэрыхуэпэжыр зыщыгугъар зыIэригъэхьэху пщIондэт. ЗызытригъащIэу щыта цIыхум и къарур кIуэщIу гу щылъита махуэм тыншу пиупщIырти ежьэжт Мазепэ. Пётр I и закъуэкъым гетманыр зэпцIыжар. Урыс пащтыхьым а ирищIа дыдэр яригъэлъэгъуащ Польшэми, Дорошенки, Самойловичи». Зи хущхьэ хъум и бзууэ дэта пэтми, языныкъуэхэм зэраIуатэмкIэ, Мазепэм зэрихуар и Украинэм и сэбэп зыхэлъхэрт».

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и видеоконференцхэр хабзэ мэхъу

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 2-нэ нап.).

Апхуэдэу къэпсэлъахэм упщІэ зыбжанэ яІэт. Абыхэм ящыщщ УФ-м и Конституцэм анэдэлъхубзэхэм я статусым теухуауэ сыт къыхалъхьами, адыгэбзэр къэралыбзэу къэлъытэным теухуауэ хэкум зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр щыІэмэ, нэгъуэщІхэри. Ди лъэпкъэгъухэм я упщІэхэм я жэуапу Сэхъурокъуэ Хьэутий жиІащ бзэм теухуа Іуэхум псом хуэмыдэу ткІийуэ яужь зэритыр икІи дэнэкІи щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зэпызыщІэ анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ лей къытемыгъэхьэным ДАХ-р зэрыхущІэкъунур.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд** псалъэмакъым къыпищащ зэІущІэр зытеухуа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм тепсэлъыхьу. Абы жиІащ коронавирусым цІыхухэм къахуихь къулейсызыгъэр ди къуажэхэми къалэхэми зэрыщыплъагъур икІи, адрейхэми хуэдэу, КъАХ-р мы ІуэхумкІэ къэралым щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъур. Апхуэдэу, мы Іуэхум теухуауэ республикэхэми дуней псоми къыщекІуэкІ щытыкІэр сытым дежи «Адыгэ псалъэ» газетым къызэрытрадзэр.

Апхуэдэу ХьэфІыцІэм зэІущІэм хэтхэр щыгъуазэ ищІащ адыгэбзэр цІыхухэм ящІэным хуэунэтІауэ КъАХ-м и лэжьыгъэр зэи къызэрызэтемыувыІэр икІи абы и щыхьэту я пащхьэ ирилъхьащ зэман зэмылІэужьыгъуэхэм хэпсэукІа ди адыгэ тхакІуэхэм я тхыгъэ нэхъыфІхэр тхылъ щхьэхуэ зыбжанэу къыдагъэкІауэ.

- Мы коронавирусым и зэман бзаджэм ди Іэр зэтедзауэ дыщыскъым, атІэ адыгэбзэкІэ къыдэкІыу «Жьынэпс», «Черкес Хэку», «Адыгэ макъ» газетхэми дадолажьэ, ди лъэпкъым ифІ къызэрыкІын мыхьэнэ иІэу. Апхуэдэу, Хасэм и мурадхэм ящыщщ «Адыгэ Хасэ» фІэщыгъэр иІэу тхылъышхуэ къыдэдгъэкІыныр. Абы къыщыдгъэлъэгъуэнущ дэнэкІи щыІэ хасэ къудамэхэм я тхыдэмрэ я ІуэхущІафэхэмрэ. Апхуэдэу, зэман гуэр ипэкІэ адыгэбзэкІэ къыдэдгъэкІыу щыта «Махуэгъэпсым» къыпытщэнущ, урысыбзэкІи адыгэбзэкІи илъэсым и кІэм дунейм къытедгъэхьэну ди гугъэщ.

И псалъэм и кІэухыу Мухьэмэд ди лъэпкъэгъухэр къыхуриджащ узыфэ къекІуэкІым теухуауэ къэралхэм къыдагъэкІ унафэхэм зыпыІуамыдзу зыхуэсакъыжыну, адыгэм зэрызахъумэжыным яужь итыну.

ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Іэминатрэ** гъэзэщІакІуэ гупым хэт **Табыщ Муратрэ** видеоконференцым кърихьэлІахэр щыгъуазэ ящІащ хэхэс адыгэхэм папщІэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щаджыну видеокурсхэр мыгувэу зэраублэнум. Абыхэм жаІащ бзитІымкІи программэхэр гъэщІэгъуэну, ар зыхуэгъэзахэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэр къалъытэу зэрызэхалъхьэнур. Апхуэдэу абыхэм къыхагъэщащ Тыркум, Европэм, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр курсхэм нэхъыбэу къызэрызэщІаубыдэнур икІи а къэралхэм я Хасэ тхьэмадэхэм зыхуагъэзащ а Іуэхур къызэгъэпэщынымкІэ щІэгъэкъуэн къахуэхъуну.

Израилым щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Закарие** видеоконференцым хэт псоми фІэхъус гуапэкІэ захуигъэзащ икІи ипэкІэ ирагъэжьа псалъэмакъым къыпищэу жиІащ Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ дэс адыгэхэм я сабийр дунейм къыщытехьам къыщыщІэдзауэ анэдэлъхубзэр зэрырагъэщІэным яужь зэритыр. НобэкІэ дунейм къыщекІуэкІ узыфэ бзаджэр къызыпкърыхьа я деж щыпсэу адыгэхэм зэрахэмытым зэрыщыгуфІыкІыр жиІащ абы.

Германием щыІэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэ **Вэрокъуэ Зэтий** жиІащ мазиплІым нэсауэ хасэ лэжьыгъэр къызэтеувыІауэ зэрыщытыр, дяпэкІэ мазищ дэкІмэ зэхаублэжыну зэрыгугъэр. Абы къыхигъэщащ хэкум пэІэщІэми, Европэм щыпсэу адыгэхэми я анэдэлъхубзэр, хабзэр зэрахъумэжыным зэрыхущІэкъур, я щІэблэр абыхэм зэрыщІапІыкІыр, лъэпкъ тхыдэр ящІэу къызэрагъэхъур.

Хэкум къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ Вэрокъуэм жиІащ:

- Иужьрей зэманым щІэх-щІэхыурэ тепсэлъыхьу зэхыдох УФ-м и Конституцэм халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм. Абы теухуауэ дэ ди Іуэху еплъыкІэращ: хэкурысхэм нэхъыфІу къагуроІуэ абы фІы къахуихьынуми нэгъуэщІу хъунуми. А зэхъуэкІыныгъэм дэтхэнэ зыми и Іэ щІидзыну Іэмал иІэнущ. Ди лъэпкъэгъухэм мы Іуэхум теухуауэ сыт хуэдэ унафэ къащтэми дэ ядэтІыгъынущ. Сыту жыпІэмэ, фІэщхъуныгъэ диІэщ лъэпкъым ифІ къызэрыкІыну лъэныкъуэр абыхэм къызэрыхахынумкІэ.

КАФФЕД-м и лІыкІуэ **Бабыгу Эргун** адэкІэ псалъэмакъыр къыпищащ икІи нэхъыбэу зытегузэвыхь Іуэхугъуэхэр утыку кърихьащ:

- Зи хэку къэзыгъэзэжыну хуей ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа къэрал программэ щыІэщ УФ-м. Куэду сэбэп къытхуэхъуну программэ щхьэпэщ, пэжыр жыпІэнумэ. Урысыбзэр тыркубзэкІэ зэрезгъэдзэкІауэ Тыркум щыІэ Хасэхэм мыгувэу яІэрызгъэхьэнущ. Си гугъэщ ди лъэпкъэгъухэр программэм къигъэув Іэмалхэм щыгъуазэ хъумэ, ар куэдым къахуэщхьэпэну.

Урысейм и хэгъэгухэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **ЛІымыщыкъуэ Рэмэзан** (Адыгей), **Аслъэн Алий** (КъШР), **Дербит Валерий** (Осетие Ищхъэрэ - Аланиe), **Шыбзыхъуэ Юрий** (Ставрополь къалэ), **КІэкІыхъу Мэжид** (Краснодар край), **ДыщэкІ Эртан** (ДАХ-м и вице-президент), **Тхьэухъуэ Зухьейр** (Израиль) сымэ чэзууэ и гугъу ящІащ зыщыпсэу щІыналъэхэм елъытауэ я Іуэху зыІутыр, зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм ехьэлІауэ я Іуэху еплъыкІэр.

ЗэІущІэм и кІэухыу Сэхъурокъуэ Хьэутий псоми ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яІэну, дэтхэнэ зыри уз зэрыцІалэм пэІэщІэ хъуну, икІи, дунейр зэхэкІыжмэ, къыкІэлъыкІуэ зэІущІэр Налшык щрагъэкІуэкІыну зэрызэраухылІэр жиІащ.

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

ЛъагапІэ инхэм къыхуигъэщІа

Ди лъахэгъу Жаным Аслъэн и бэнэкІэ екІум блэкІа лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм дуней псор иригушхуэрт. Ар Совет Союзым и чемпионт, Европэм щытекІуат, Дунейпсо кубокыр зыІэщІэлът, спортым щІыхь зиІэ и мастерт.

● Алыдж-урым бэнэкІэ

Совет Союзым и чемпион, Европэм щытекІуа, Дунейпсо кубокыр зыІэщІэлъ, спортым щІыхь зиІэ и мастер Жаным Аслъэн.

Сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу Корбан Геннадий тредзэ.

ЖАНЫМ Аслъэн дуней псоми Олимп Джэгухэми зэрыщытекІуэфынур спорт ІэщІагъэлІхэмрэ алыдж-урым бэнэкІэм дихьэххэмрэ быдэу я фІэщ хъурт. Ар икІи лъабжьэншэтэкъым - ди лъахэгъур Совет Союзым алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и командэ къыхэхам щыпашэт икІи килограмм 82-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щытепщэт.

- Си ныбжьыр илъэс пщыкІуз щыхъум къыщыщІэдзауэ спортым сыхэтщ, - жеІэ Аслъэн. - Налшык СпортымкІэ и уардэунэм сыкІуэри, бэнакІуэхэм захезгъэтхащ. Абы щыгъуэм сщІэртэкъым ар лІэужьыгъуэ зыбжанэ зэрыхъур. Сыбэнэну хуабжьу сыхуейти, япэу къыспэщІэхуа бжэм сытеуІуэри, сыщІыхьащ. Апхуэдэу сыкъыщыхутащ Лобжанидзе Владимир алыдж-урым бэнэкІэм щыхуигъасэ секцэм - арат си натІэм кърихтауэ къыщІэкІынур. Хьэлэмэтраши, зэи сыхущІегъуэжакъым а спорт лІэужьыгъуэр зэрымыщІэкІэ къызэрыхэсхам.

ІэщІагъэлІ гъуэзэджэ Лобжанидзе Владимир псынщІэу гу лъитащ Жаным Аслъэн бэнакІуэ лъэщ къызэрыхэкІынум. Абы игу ирихьырт щІалэщІэм ерыщу зэрызигъасэр, жыпІэр зэрызыхилъхьэр, хьэл-щэн зэпІэзэрыт зэриІэр. Зы илъэсым къриубыдэу Аслъэн бэнакІуэ бэлыхь къыхищІыкІащ - ар республикэм и ныбжьыщІэ зэпеуэм щытекІуащ. А япэ ехъулІэныгъэм тренерыр зэрыщыгуфІыкІар къэІуэтэжыгъуейщ. КъыгурыІуат Жанымыр лъагапІэ инхэм къызэрыхуигъэщІар.

И ныбжьыр нэсу дзэм къулыкъу щищІэну щыдашам Дон Іус Ростов щыІэ спорт ротэм хэхуащ. Абы Іэмал щигъуэтащ и Іэзагъым хэпщІыкІыу щыхигъэхъуэну. Аслъэн зи ІэмыщІэ ихуа Яковенкэ Николай СССР-м щІыхь зиІэ и тренерт, нэхъапэм Совет Союзым, Европэм, дунейм щытекІуат икІи алыдж-урым бэнэкІэ лІэужьыгъуэм химыщІыкІ щыІэтэкъым. ІэщІагъэлІ гъуэзэджэм занщІэу къыгурыІуащ Жанымым утелажьэ зэрыхъунур икІи абы тебгъэкІуадэ зэманымрэ къарумрэ пщІэншэ зэрымыхъунур.

Яковенкэ адыгэ щІалэр егугъуу игъасэрт икІи куэдыр зыщымыгъуазэ Іэмал гъуэзэджэхэр иригъащІэрт. Ахэр зэрызыхилъхьар къипщытэн папщІэ хьэрхуэрэгъу нэхъ лъэщ дыдэхэри къыхухихырт, нэхъыбэм - хьэлъагъкІэ къебэкІ защІэу. Апхуэдэ зыгъэсэныгъэхэр хьэлъэт, ауэ укъэзыгъэпэжынт.

Къэралпсо утыкум япэу ехъулІэныгъэ ин Жанымым щиІар 1975 гъэращ. СССР-м и Лъэпкъхэм я спартакиадэм щытекІуэри, дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ. Аслъэн иужь къинащ Совет Союзым и командэ къыхэхам хагъэхьэну ягъэлъэгъуахэу Корбан Геннадий, Чебоксаров Владимир, Халилов Камил, Назаренкэ Анатолий, Курбанов Хьэзрит сымэ, нэгъуэщІхэри.

Псоми къащІащ алыдж-урым бэнэкІэм вагъуэщІэ къызэрыщыунэхуар. Куэдым къыхагъэщырт Жаным Аслъэн и зэпІэзэрытагъыр.

Дзэм къулыкъу щищІэну пІалъэр щиухым ирихьэлІэу, Жанымыр СССР-м ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я чемпион хъуащ. Абы иужькІэ езыри и гъэсакІуэри къэралым и дзэ спорт клуб нэхъыщхьэм - Мэзкуу и ЦСКА-м - ирагъэблэгъащ. Дунейпсо утыку къихьэну, и ехъулІэныгъэхэм хигъэхъуэну ар Іэмал гъуэзэджэт.

Апхуэдэхэм я щІэдзапІэ хъуащ 1976 гъэм дзэ клубхэм ирагъэкІуэкІа европэ зэхьэзэхуэр. Абы хыхьэ зэІущІитхум ящыщу плІым Жанымыр щытекІуащ. Зыпэмылъэщар Монреаль щекІуэкІагъащІэ Олимп Джэгухэм дыжьын медалыр къыщызыхьа, дуней псом и чемпион Колев Иванщ. Болгар щІалэмрэ ди лъахэгъумрэ зэрытемыгъэкІуауэ зэбгъэдэкІыжащ.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Аслъэн бжьыпэр щиубыдащ Мэзкуу щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэ иным. И насып къыщикІащ 1978 гъэм Чехословакием и Остравэ къалэм щыІа зэпеуэми. Абы кърихьэлІат бэнакІуэ лъэщ дыдэхэу хэгъэрейхэм ящыщ Европэм, дунейм, Олимп Джэгухэм я чемпион Мах Вячеслав, Румынием къикІа Олимп чемпион Драйкэ Ион, Польшэм, Франджым, нэгъуэщІ къэралхэм я лІыкІуэхэр. Жаным Аслъэн и хьэрхуэрэгъу цІэрыІуэхэм къагъэдзыхакъым. Ар хуейт абыхэм къазэрыпимыкІуэтынур къигъэлъэгъуэну. ИкІи хъарзынэу къехъулІащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэх хъуат хэгъэрейхэм ящыщ Янотэ дригъэкІуэкІа зэІущІэр. И ныкъуэкъуэгъу лъэщыр адыгэ щІалэм нэрылъагъуу хигъэщІащ. ЕфІэкІащ адрей къыпэщІэтахэми. Финалым щыхигъэщІащ Олимп чемпион Драйкэ Ион. Дыщэ медалым дэщІыгъуу «ТекІуэныгъэм ерыщу зэрыщІэбэнам папщІэ» саугъэт щхьэхуэри къыщыхуагъэфэщам, зэхьэзэхуэм еплъыну къекІуэлІахэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтат, ар абы зэрыхуэфащэ дыдэм щыхьэт техъуэжхэу.

Остравэ щекІуэкІа зэпеуэм кърикІуам ипкъ иткІэ Жаным Аслъэн къыфІащауэ щытащ «дунейпсо класс зиІэ мастер» цІэ лъапІэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу алыдж-урым бэнэкІэм хэтхэм апхуэдэ пщІэ нэхъапэм зэи яІатэкъым.

Гугъущ дэтхэнэ спортсменми и гъащІэ гъуэгур. Абы куэд щелъытащ и насыпыр къызэрикІ щІыкІэм. И тренерхэмкІэ Аслъэн Тхьэр къыхуэупсат икІи Лобжанидзе Владимири Яковенкэ Николаи куэдым хуагъэсащ. АрщхьэкІэ ныкъуэкъуэгъухэри и мэщІакъым, щэхуии нахуэи - сыт пщІэн, спортым и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ ар. АбыкІэ щапхъэу урикъунщ Жаным Аслъэнрэ Корбан Геннадийрэ илъэс куэдкІэ зэрызэпэщІагъэтар, иужьыр япэ иргъэщ зэпыту. Ар захуагъэтэкъым, сыту жыпІэмэ, 1975 гъэм къыщыщІэдзауэ ахэр мызэмытІэу зэбэнати, зэ закъуэ фІэкІа къэмынэу адрей псоми ди лъахэгъур щытекІуат. Абы щхьэкІэ къэмынэу Корбант зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэм къэралым и щІыхьыр щихъумэну утыку кърагъэхьэ.

Щыбанэ алэрыбгъум и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр Аслъэн къыщефІэкІар Совет Союзым и чемпионату 1979 гъэм екІуэкІаращ. Япэ дыдэу апхуэдэ зэхьэзэхуэ иным дыщэм пэгъунэгъу щыхъуа ди щІалэм жэуаплыныгъэр къытехьэлъагъэнущ икІи кІэух зэІущІэм и хьэрхуэрэгъу лъэщ Корбан Геннадий къыщытекІуащ.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым ахэр мызэ-мытІэу зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щызэпэщІэтащ икІи сыт щыгъуи нэхъыфІар адыгэ щІалэрат. Апхуэдэу щыт пэтми, 1980 гъэм Мэзкуу щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп Джэгухэм ди къэралым и щІыхьыр ихъумэну дзыхь зыхуащІар Корбанщ. Пэжщ, абы дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ, ауэ Жанымми ардыдэр нэхъыфІыжу хузэфІэкІынут. Абы щыхьэт техъуащ къыкІэлъыкІуэ илъэсым екІуэкІа Совет Союзым и чемпионатыр. Алыдж-урым бэнэкІэм лъэбакъуэ лъэщхэр щыхича Дон Іус Ростов щекІуэкІа зэпеуэм Аслъэн къыщыпэлъэщын къахэкІакъым.

Воронеж щыщ и япэ хьэрхуэрэгъум Жанымым гу зэрылъита щыІэкъым икІи напІэзыпІэм ар тридзащ. ЕтІуанэр узытеплъэкъукІ мыхъунт - ар сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу Корбан Геннадийт. Олимп чемпионыщІэр адыгэ щІалэм иригъэкІуэтэхащ икІи, зыми шэч къытрамыхьэн хуэдэу, ар дахэу хигъащІэри, медалыншэу къигъэнащ. Езыхэм ящыщ зыуэ къэзыбж ростовдэсхэм абы щыгъуэм ди лъахэгъум хуаІэта Іэгуауэр куэдрэ щыщыужьыхыжакъым зэхьэзэхуэр щекІуэкІ спорт уардэунэ абрагъуэм.

АрщхьэкІэ ар дыщэм хуэзышэ щІэдзапІэ къудейт. АдэкІэ иджыри зэІущІэ хьэлъиищ къыщыпэщылът. Абыхэми щытекІуащ ди лъахэгъур. ХигъэщІахэм яхэтащ финалым къыщыпэщІэхуа спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ Мкрытчевыр. Арати, япэ дыдэу къэралым и чемпион 1981 гъэм хъуащ.

- А лъэхъэнэм Совет Союзым и чемпионатым ущытекІуэну куэдкІэ нэхъ гугъут Европэм бжьыпэр щыбубыдын е Дунейм и кубокыр зыІэрыбгъэхьэн нэхърэ, - игу къегъэкІыж Жаным Аслъэн. - Совет бэнакІуэхэрат дэни щытепщэр. Къэралым и цІэкІэ утыку укърагъэхьэ къудеймэ, текІуэныгъэр уи Іэрылъхьэу убж хъунут. ИужькІэ Кубэм и бэнакІуэ лъэщхэр дыдейхэм ягъэсащ, тыркухэри зэрылъэрызехьэти, ерыщу къыдэныкъуэкъу хъуащ. 1981 гъэм СССР-м и чемпион сыщыхъуам хуабжьу сагъэлъэпІащ икІи къэралым зыхъумэжыныгъэмкІэ и министрым езым къыбгъэдэкІыу офицер дамэтелъхэр къысхуигъэхьащ.

АрщхьэкІэ а гъэм зэхэта дунейпсо чемпионатым аргуэру ягъэкІуар Корбан Геннадийщ. Абы гурыщхъуэ уигъэщІырт Жаным Аслъэн гъуэгу ирамыту. Ауэ а Іуэхугъуэми ар ирищІыкІакъым. А илъэс дыдэм, 1981 гъэм и кІэухым, Іэмал кърататщ Совет Союзым и командэ къыхэхам дэщІыгъуу Дунейм и кубокым щІэбэныну. Ар Аслъэн гъуэзэджэу къигъэсэбэпащ икІи иджыри зэ наІуэ псоми ящищІащ килограмм 82-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж алыдж-урым бэнэкІэмкІэ къыпэлъэщын ЩІы хъурейм зэрыщымыІэр.

Хэт ищІэнт къыкІэлъыкІуа 1982 гъэр Жаным Аслъэн иужьу спортым щыхэта илъэсу къыщІидзыну? Дэ абы иджыри текІуэныгъэ куэдкІэ дыщыгугъырт.

1982 гъэм и пэщІэдзэм Запорожье щекІуэкІа Совет Союзым и чемпионатым и кІэух зэІущІэм аргуэру щызэхуэзащ Жанымымрэ Корбанрэ. Пэжщ, ар, адрейхэм хуэдэу, зэпэщІэтыныгъэ гуащІэ хъуакъым. Аслъэн и тепщэныгъэр апхуэдизу инти, гугъу емыхьыщэу къэралым и чемпионыгъэр аргуэру зыІэригъэхьащ. КъыкІэлъыкІуэу СССР-м ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я зэхьэзэхуэм дыщэр къыщихьащ.

Болгарием и Варнэ къалэм иужькІэ щекІуэкІа Европэм и чемпионатым къыщызэхуэсат бэнакІуэ лъэщ дыдэхэр. Жаным Аслъэн зыхэт гупым щызэныкъуэкъунут Югославием, Алыджым, Польшэм, Данием, Финляндием, нэгъуэщІ къэралхэми я бэнакІуэ лъэрызехьэ пщыкІуплІ. АрщхьэкІэ абыхэм къахэкІакъым адыгэ щІалэм къыпэхъун. Арати, Европэм и чемпион хъуауэ Аслъэн къигъэзэжащ.

Венгрием и Толидэ къалэм щызэхэта Дунейм и кубокым щыщІэбэна зэхьэзэхуэми Жанымыр а илъэсым щытекІуащ. Щытхъури щІыхьри абы къелъэлъэхырт икІи къыкІэлъыкІуэ зэпеуэхэм сыт щыгъуи хуэдэу ерыщу зыхуигъэхьэзырырт.

- СССР-м и Лъэпкъхэм я спартакиадэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам дэщІыгъуу 1983 гъэм сыкІуащ, - жеІэ Аслъэн. - Абы ипэ ита зыгъэсэныгъэхэм хуабжьу къыщыттрагъэхьэлъати, ди Іэпкълъэпкъыр зэрызэщІэнар лъэужьыншэ хъуакъым: Грузием щыщ Кубусидзе финал ныкъуэм сыщебэну си шхулъэр къутащ. Ар фэбжь хьэлъэ дыдэт. КъызгурыІуащ, си ныбжьыр илъэс 30-м нэсауэ абы иужькІэ спортым къэзгъэзэжыну гугъу зэрыхъунур. Арати, сыкъыхэкІыжын хуей хъуащ. Пэжщ, 1990 гъэм, тренеру къалащхьэм сыщылажьэу, сыкъытрагъэхьэри Мэзкуу и чемпионатым сыщыбэнащ икІи бжьыпэр щызубыдащ.

Бэнэныр щигъэта иужькІэ, Жаным Аслъэн къалащхьэм къагъанэри, ЦСКА-м алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ. Абы и гъэсэнхэм ящыщщ Олимп чемпион Олейников Вячеслав, дуней псом щытекІуахэу Велиниченкэ Александррэ Мнацакян Искандеррэ, Европэм щынэхъ лъэща Гришин Евгений сымэ, нэгъуэщІхэри.

Олимп резервхэр щагъэхьэзыр Спорт Іэзагъ лъагэм и республикэ школ Налшык къыщызэІуахым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм я лъэІукІэ Жаным Аслъэн адэжь лъахэм къигъэзэжри, абы и унафэщІ хъуащ.

- Школыр къызэІуахащ икІи ехъулІэныгъэфІхэр спортым щыдиІэ хъуащ. АдэкІи зыдужьын хуейти, - жеІэ Жанымым, - нэхъыбэу гулъытэ зыхуэтщІар, дауи, олимп спорт лІэужьыгъуэхэращ: алыдж-урым бэнэкІэм, бэнэкІэ хуитым, дзюдом, атлетикэ хьэлъэм, атлетикэ псынщІэм... Иджы ди гъэсэн куэд къэралым и командэ къыхэха зэмылІэужьыгъуэхэм ираджэ икІи ехъулІэныгъэ инхэр зыІэрагъэхьэ.

Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Совет Союзым и чемпион, Европэм щытекІуа, Дунейпсо кубокыр зыІэщІэлъ, спортым щІыхь зиІэ и мастер Жаным Аслъэн хуэдэ цІыху, спортсмен гъуэзэджэхэращ щІэблэм я щапхъэр. ИІэщ абы ахэр зыхуигъэсэнрэ зыхуигъэІущынрэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мдзымтэ (Мзымтэ)

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкІэ, Сочэ и Іэгъуэблагъэм щыІэ щІыпІэ телъыджэу иужькІэ «Красная поляна» зыфІащыжам нэхъапэхэм Къуэбыдэ (Кбаадэ) цІэмкІэ еджэу щытащ. Ар зэгъэщІылІа Мдзымтэ къуршыпс уэрым и къежьапІэр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм дыгъапІэмкІэ гъэза и джабэ нэкІухэрщ.

● ЩІыпІэцІэхэр

АБДЕЖЫРАЩ зэрытыр хы ФІыцІэ Іуфэм метр мини 2-кІэ елъэгэкІ щІыпІэр зыгъэдахэ Кардывач, Кардывач Ищхьэ хыжьей цІэрыІуэхэу дунеяплъэхэр куэд щІауэ дэзыхьэххэр.

Псыр хъухъущыщщ, и кІыхьагъкІэ уэрщи, зыдэт къуэм, бгыщхьэхэм уэсыр щыткІуж лъэхъэнэм махуэм метр зытхух хуэдизкІэ зыкъыщеІэт, километр 89-рэ ижа иужькІэ, Сочэ пэгъунэгъу Адлер къуажэ цІыкІум деж хым щыхолъэдэж.

Аибгэ - Ачишхо шытх бгъунжым и ІэшэлъашэмзЭрынэсу, Мдзымтэ зызэщІекъуэжри, узэрыкІэлъыплъыр «зригъэщІэгъуэкІ» хуэдэ, нэхъ и лъабжьэІуэкІэ щыІэ Ахъцы жьанэ Іузэвым долъадэ. Абдежыр и ІуплъапІэщ «Ахъщты къуэладжэ» зыфІаща уэх екІуэлІапІэншэм икІи шынагъуэм.

Телъыджэр араци, Мдзымтэ, и псыхъуащхьэхэмкІэ зыщигъэза иужькІэ, къурш тхыцІэ нэхъыщхьэм дахащэу докІуэкІ. А щыпІэхэращ узыщрихьэлІэр псым и ижьрабгъу лъэныкъуэмкІэ зыщызыуфэбгъуа мэз гуэрэн дахэшхуэу а цІэ дыдэр зезыхьэм. Мдзымтэ къыхэлъэдэж псы бгъунж нэхъ инхэм ящыщщ Ачипсе (Ажэпс), Чвижепсе (ЦІыкІупс, Чэнжыпс) фІэщыгъэхэр зытеІукІахэр.

Мдзымтэ цІэр къызытехъукІам ехьэлІауэ

Къуршыпс тепыІэншэм гупсэхугъуэ зэримыІэм гу лъызыта лъахэхутэхэм ящыщ гуэрхэм къалъытащ абы зэреджэр убыхыбзэм хэт псалъэу «къибыргъукІ», «къитхъутхъукІ» мыхьэнэхэр зиІэм къытехъукІауэ. АрщхьэкІэ, илъэс 200 - 250-рэ ипэкІэ мы щІыпІэм зыщызыплъыхьа хамэ зекІуэлІхэм абы и зэхэлъыкІэр ІупщІ къытщащІын мурадкІэ зэхагъэувауэ щыта картэхэм зэрыщагъэнэІуащи, зи гугъу тщІы псым нэгъуэщІ фІэщыгъэхэри (зэщхь хуэдэу къытщыхъуми) иІащ. Псалъэм папщІэ, «Мдзимта», «Миадзимта», «Мезюмта», «Медзюмта». Иужьрей тхыкІэр щІэныгъэлІхэм я нэхъыбэм зыхуахьыр абазэ лІакъуэу мы щІыпІэм щыпсэуарщ, урысхэм - «медозюи», адыгэхэм - «мудавей» цІэхэмкІэ, «уэсым щалъхуа цІыхухэр» мыхьэнэр къикІыу, зэджэу щытарщ. ГъэщІэгъуэныр араци, а фІэщыгъэр зытеІукІауэ къалъытэр зи гугъу тщІы тІуащІэм дэса ахъцыпсэу (ахчипсоу) абазэ лІакъуэм и закъуэтэкъым, атІэ абы и лъэпкъэгъухэу Псоу, Бзыбэ псыхъуэхэр зи хэщІапІэу къекІуэкІа Аибгъэ, Псхьу жылагъуэхэми а цІэ дыдэр зэрахьащ.

Урыс-Кавказ зауэм и кІэуххэм мы щІыпІэм щыпсэуар абазэхэр арами, мыбдежыр адыгэхэми я зекІуапІэу зэрыщытар къыхэгъэщыпхъэщ. Абы и щыхьэтщ фІэщыгъэхэм ящыщ куэдым, псалъэм папщІэ, Мдзымтэ хэлъэдэж псы бгъунжхэм ящыщ зыбжанэм зэрахьэ цІэхэмрэ абыхэм я Іэгъуэблагъэм щыІэ щІыпІэхэмрэ зэреджэр. ЖытІам и щапхъэщ Ахъцыпсэу (Ахчипсоу) жылагъуэм я къуажэ нэхъыщхьэм (иджырей Красная поляна) зэрихьа «Губгъуэ бгъуэзэ» (Губгой-абгузу) цІэри, зи гугъу тщІы псы къуэпсхэу Чвижепсе (ЦІыкІупс, Чэнжыпс), Пслух (Псыпыху), Пудзико (Пыдзэкъуэ) зи фІэщыгъэхэри, езы Мдзымтэ километр зыбжанэкІэ зыблэж Псехако (Псыхьыкъуэ) шытхым зэреджэри, иджырей Эстосадок посёлкэм деж щыса Анчу абазэ къуажэм и цІэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

МашинэщІэхэр ират

Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ управленэм техникэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, артиллерие дзэ зэщІэузэдахэмкІэ и ІэнатІэм и тхьэмадэ, подполковник Рыков Михаил «Патриот» машинэщІэхэр зыхуагъэфэщахэм абыхэм я ІункІыбзэІуххэр яритыжащ. Ирилэжьэн папщІэ машинэ псынщІэу 8 иратащ «Іуащхьэмахуэ» СОБР-м, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и СОБР-м, ОМОН-м я къудамэхэм я шофёрхэм.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэм кърихьэлІат щІыналъэ ІэнатІэм и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ, ІуэхущІапІэм къулыкъу щезыхьэкІхэм ядэлэжьэнымкІэ къудамэм и тхьэмадэ, полковник Трушин Алексей. Абы къыхигъэщащ шофёрым и къалэныр зэрыиныр, сыт щыгъуи набдзэгубдзаплъэу, и пщэрылъхэр пылъхьэншэу зэфІигъэкІыу щытын зэрыхуейр.

Къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщІы машинэхэр, къэрал мардэхэм къызэригъэувым тету, зыхуей псомкІи къызэрызэгъэпэщар.

ИСТЭПАН Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаcэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элл (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщ Изэ

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІыжыр редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарегъащІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ
12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *редактору* ЖьэкІэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.938 ● Заказ №1286